Tólepbergen QAYÍPBERGENOV

# MUǴALLIMGE RAXMET!

Povest

*(Úshinshi basılıwı)*

NÓKIS
«BILIM»
2016

www.ziyouz.com kutubxonasi

UOK 821. 512. 121-31 **Tólepbergen Qayıpbergenov. Muǵallimge**
KBK 5 Qar **raxmet!** Nókis, «Bilim» baspası. 2016-jıl.
Q—25 88 bet.

**UOK 821. 512. 121-31**
**KBK 5 Qar**
**Q—25**

Hajı, Ózbekstan Qaharmanı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Xalıq jazıwshısı, burınǵı SSSR dıń Mámleketlik hám de xalıqaralıq Sholoxov atındaǵı sıylıqlarınıń laureatı Tólepbergen Qayıpbergenovtıń «Muǵallimge raxmet!» povesti eń dáslep 1959-jılı kiril alfavitinde Qaraqalpaq mámleketlik baspasınan shıǵarılǵan edi. Onnan beri aradan 57 jıl ótti. Jazıwshı povestiniń ayırım baplarına jańadan ózgerisler kirgizdi.

Povest 1971-jılı Ózbekstannıń Mámleketlik sıylıǵına miyasar bolǵan. Jazıwshınıń bul shıǵarması waqtında ózbek, orıs, eston, moldavan, túrkmen hám basqa da tillerge awdarılıp basılıp shıqtı.

**ISBN 978-9943-4434-9-5**

**© Tólepbergen Qayıpbergenov, 2007**
**© «Bilim» baspası, 2016.**

www.ziyouz.com kutubxonasi

# I

Ol awılda birinshi payda bolǵanda awıl ishi ala-sapıran edi. Yaǵnıy, úlkenler óz ara kelise almay, birewleri «birigip jasayıq» dese, ekinshileri «yaq, darawara jasaymız» desip qızıl kegirdek bolısıp atırǵan kúnler edi.

Al bizge, balalarǵa, sol úlkenlerdiń tartıs-jánjelleri qam pátir, heshbirimiz awıldıń táǵdirinen bizlerdiń táǵdirimiz ǵárezli ekenine oy jiberip kórmeymiz. Gileń balalar jıyılısıp alıp, azannan qara keshke kósheni shańǵıtıp top oynaymız, yamasa orpań topıraqta otırıp asıq oynaymız...

... Joq, oylarımdı alǵa shaptırmay áńgimeni ireti menen baslayın.

... Basqa awıllarǵa kóbasa barıp kórgenim joq. Al, ózimizdiń awıldıń kórinisi maǵan kútá unaydı. Átirapımızdaǵı qorshap alǵan qalıń toǵay bárqulla hárem tutıp, qoyǵanday kórinedi. Qısta siyreklep, jaz bolsa dónip, jasıl japıraqlardı jamılıp shıǵa keledi. Mine, onıń háremnen ayırması, usında ǵana dep sezemen. Toǵay arasında qıdırıp júriw bárinen de kewilli. Qırǵıy menen mıyqınıń palapanların izlep azannan keshke deyin gezseń de, jalıqpaysań. Turpatı qara úydey bolıp ketken torańǵıllar da bar. Al, biziń awıldıń qonıs jeri oypatlaw. Batıs jaǵımızda kóldiń jiyegi kórinip tur. Onda ósken náwqaraǵay qamıslar gúz bolsa úpeleklerin biziń awılǵa jollaydı. Bir-eki jıllıqta usı qamıslıqtıń astında suw bar edi. Talay márte onnan ǵazdıń palapanların uslap ta qaytqanbız. Baspaqlarǵa súyriklerdi de, sol kólden ákeletuǵın edik. Báhár



www.ziyouz.com kutubxonasi

bolsa, qaymaqlasqan muz astınan ushları iyiktey súyriklerdi tawıp alamız.

Awılımız usınday bolǵan soń men qalay súysinbeyin? Oǵada jaqsı kóremen-aw! Bul kóldi hámme «Dońgelek kól» deytuǵın edi. Sonlıqtan biziń awıl da «Dońgelek kól» bolıp atalıp ketken. Awıldıń balaları menen oylasıp, «Dońgelek kól» di talay márte gezgenbiz. Bundaǵı maqsetimiz ne ushın usılay atalǵan? Mine, usını biliw edi. Biraq, bile almadıq.

Bıyılǵı jaz men biletuǵın jazlardıń ishindegi eń erekshe jaz boldı. Óytkeni, ótken jılı bozdan jap jarılıp, awılımız oǵırı sánlenip ketken edi. Jańa japtıń boyında ósken qamıslar dút toǵay, shaqasına minip otırıwǵa da boladı. Eger de túbin balta menen shappasa, bir túp qamıstı men qusaǵan hálsiz balalar bir mezgil orıp otırıwı kerek. Eger jarǵı bolǵanda onshelli qıyınǵa túspes edi-aw dep oylayman. Sebebi, bir jola aǵama qamıs orıwdıń bıyıl qıyın bolatuǵının aytqanımda «Shapırashı shıqqan jarǵı kerek, balam» dep kúlgen edi. Haqıyqatında, shapırashlı jarǵı bolmasa, ańsat emes.

Júwerileri de ayta qalǵanday. Shińgirikleri meniń baltırımnan kem emes. Házir bári de balıq kóz bolıp kiyatır. Basları da dorbaday. Qaysı birin aytayın, awıldıń adamlarında daqıl kóp. Tarı, másh, gúnji qay jerde bolsa, sol jerde adam boyı. Paxta atızları da enapattay. Biraq ele olar tolıq pispey atır. Górekleri túymedey bolıp, awzın ashayın-ashayın dep tur. Bazda góreklerin qolıma uslap kórip: «ashıwlanǵan adamnıń awzınday tobarsıp tursań-da, birden kúlip jibereseń-aw» deymen.

Ásirese, qawın degen iytırqın. Boz qarıqtan egilgen qawınlardıń hárbirin adam túwe arba zorǵa kóterer. Eń kishi degeni Dúysen mollanıń úyindegi sadaqa qazanday bar deseń de boladı.

Men kóbinese Sayıp, Qunnazar, Sársenbaylar menen birge júretuǵın edim. Kúni menengi talabımız asıq oyını.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Aqshamına qaray uyqı da joq. Awıldıń qawınları jalań ayaqtay bolıwdan-aq tınıshımız ketti. Ózlerimizdiń qawınımız bolsa da, bir túndi urlıqsız ótkermedik. Durısın aytsam, datqaǵa da shıǵıp boldıq. Bunnan basqa bizlerde talap ta joq. Eger de adamlar qawınlarına aylandıra qaqpan qursa, qońsı awıllarǵa tawıq urlawǵa ketemiz.

Búgin eki kúnnen beri qawın urlıqtı awzımızǵa da almaytuǵın boldıq. Sebebi, kútilmegen jerden mınaday hádiyse bolıp qaldı: eki kúnlikte Sársenbaydıń jalǵız ózi qawın urlıqqa barıptı. Ol basqalarımızdan kóre shaqqanıraq hám ásirese, sekerparalardı urlaǵandı jaqsı kóretuǵın edi. Geyde awıstırıp, úyine eki-úsh sekerpara alıp keletuǵın ádeti de bar.

Awılımızda Esemurat degen ǵarrı bar edi. Ózi qawın egiwge dım teperish. «Ómirinshe hálekke egip kórmegen» desedi jurttıń bári. Al sekerparanı jurttan burın shıǵaradı. Bıyıl da sekerparası sasıp, iyt jep atır, degen ǵalawıt tústi. Soǵan «áne barayıq, mine barayıq» dep júrgende Sársenbaydıń qara bası bizlerge qaramay barǵan eken. Ay qarańǵı bolǵan soń, aǵasınıń uzın qara beshpentin sırtınan kiyip alǵan. Tún ishinde torlı qawın emes sıypalap biliwge, ǵarbız bolsa eken dizege qısıp kóriwge, pisken sekerparanı iyiskemey taba alama? Hárqaysısın bir iyiskep, sarısın izlep júrgende Esemurat ǵarrı shanıshqısı menen Sársenbaydı balıqtay etip, shanshıp alıptı. Esemurat ǵarrı onı iyt shıǵar dep oylaǵan bolsa kerek. «Way-waylaǵan» dawısınan keyin ǵana bilipti. Qaydan bilsin, kúnde sarǵayǵan qawınların iyt jey bergen soń qolına shanıshqı alıp ańlıǵan ǵoy!





www.ziyouz.com kutubxonasi

Sársenbaydıń ózi ayıplı bolǵan soń, hesh nárse ayta almay jılaǵan da jata bergen. Esemurat ǵarrı shanıshqısın suwırıp alayın dese, shanıshqınıń tili qaytıp shıqpaǵan. Sóytip azanǵa shekem Sársenbaydıń atızda búklenip jatırǵanınıń ústine bizler de bardıq. Shanıshqınıń úsh tili de jambasına kirip ketipti. Júregimiz suw ete qaldı. Bunday baxıtsızlıqtı heshkimniń basına salmaǵay.

Ákesi Dúysen molla da keldi. Ol iyegi saqıldap, balasına qıynalıp tur. Sársenbay tawlanıwı menen ákesine bir qaradı da, betin arman burıp, jeńi menen kózlerin bastı.

Awıl adamları qansha oylasıp kórgen menen shanıshqını suwırıp alıwdıń ilajın taba almadı. Suwırıp alıw túwe sabı qıymıldap ketse de, Sársenbay awır gúrsinip, ıńırsıydı. Biraq kisige qaraǵanday beti joq. Naǵız urı bolıp kózge túsip atır. Esemurat ǵarrınıń ózi barıp shanıshqınıń sabın kóterip, kesip atırǵanda, Sársenbaydıń qulındaǵı dawısı shıqtı. Ele de tegarań, qıymıldatıńqıraǵanda dawısı adamlardıń qulaǵın jırtıp kete jazlar edi. Kópshilik ári oylastı, beri oylastı. Esemurat ǵarrıǵa heshkim pálen-tólen demedi. Ol kisi óz ayıbın búrkegisi keldi me, yamasa Sársenbaydı ayadı ma, Dúysen mollanıń «jibermeymen» degenine qaramastan, Sársenbaydı arbaǵa mingizip, ózi qalaǵa emlewxanaǵa áketti...

Sonnan berli qawın urlıq dese quyqamız juwlap, tóbe shashımız tik turadı. Endigi talap ne? Jıynalıp alıp asıq oynaymız. Asıq oyınǵa da berilip ketiwimiz sonshelli, ya kesh bolǵanın biliw túwe, ash bolǵanımızdı da umıtamız. Kúnde úyge óz waqtında qaytıwdı da esten shıǵaramız. Bul ádetimizdi men apamnıń mınaday bir hiylesinen keyin ǵana túsindim: Bir jola apam meniń asıq oynap atırǵan jerime tabaq penen tamaq ákelip berdi. Bul jaǵdayǵa teń-qurbı balalarımnan uyalǵanımdı qáyteyin, jer jarılmadı, men kirmedim. Izimnen tamaq ákelgendey men qos aydap, yamasa atızǵa tógin tógip atırman ba? Solay etip men anamnıń sol hiylesinen



www.ziyouz.com kutubxonasi



soń tamaq mezgili gezinde úyge asığıp qaytatuğın boldım.

Mine, búgin de quyash sáskelikke tireldi. Tús bolğanın umıtıp qalmayın degen oy menen qayta-qayta quyashqa qaray beremen. Asıq oyını bolsa qızıp ketken. «Pesha-pesh», «ya jampıq», «Jup alshı» dan balalardıń awzı tınbaydı. Búgin ásirese, Sayıptıń dawı gújip ketti. Al, meniń dawım júrmey qaldı. Kúyip-pisip otırman. Tús waqtı tirelip kiyatır. Úyge qaytıwğa da bolatuğın emes. Bir qalta asığım sap boldı. Uttırıp-uttırıp qalay kete beremen? Minekey, oyınnıń aqırına saqlap otırğan eń sońğı shabbemdi saldım. Bul ketse, wassalam! Íğbalıma bir degennen alshı bastı. Quwanğanımnan júregim jarılıp kete jazladı. Sonda da sabırlılıq penen asıqlardı asıqpay jıynap atır edim. Hámme balalar birden shorshıp, tura-tura qasha jóneldi. Bazı birewleriniń asığı túwe tıyınları shashılıp qalsa da, qarağan joq. Kúni menen utılıp, asığım jańa alshı basqanda men qayda baraman? Ján-jağıma qaramay asıqlardı tez-tez jıynap atır edim;

— Sálem jigit! — dedi birew.

Tosınnan shıqqan bul seske selk ete qaldım. Qarasam, jalań bas, shashı hayallardıń shashınan qısqalaw bolğanlıqtan órimge kelmeytuğın, sarı sınlı jigit tur. Hayallardıń shashınan tağı bir ayırması — eki shekesin, jelke shashın pardozlaptı. Birden qasha qoymadım. Sóytse de qorqıńqırap turman. Ol mağan qarap jımıyıp kúldi.

Kúlkisi mağan unap ketti me, yamasa qorqqanımdı bildirmeyin dedim be, onıń oynaqshığan qara kózlerine qadala



www.ziyouz.com kutubxonasi

men de ırjıydım... Aq kóyleginiń jağasın bólip turğan anaw nağıslı nársesin oń qolı menen dúzep qoyıp:

— O, batır, — dedi ol mağan.

Ne ushın batır dep turğanına túsinbedim. Abaylap qarasam, qasımdağı bağanağı balalardıń birewi de qalmaptı. Dárriw bir nárse esime túsip ketti: bizler hár sársembi hám piyshembi kúnlerinde Dúysen mollağa oqıytuğın edik. Oqıytuğın jerimiz jer tóle. Kóbinese aqsham oqıymız. Túnde eki jerde shútik shıra jağıladı. Azanda murnımızdıń tesigi qara qurımğa tığılıp qalatuğının, mollanıń shıday almay bizlerdi taslap shığıp kete beretuğınlığın nesine sóz qılayın. Biraq, molla oqıtıp bolıp keterimizde bazda eki ret, jarılqap waqtımızdı almayın dese, bir ret sabaq sayın bizlerge:

— Jaqında muğallim keledi. Ol sizlerdi orıssha oqıtıp, shoshqanıń góshin jewdi úyretedi. Eger birinshi kelgeninde aytqanına kónbeseń, sabaydı, — deytuğın edi.

Bizlerdiń hámmemiz de shoshqanıń góshin, eki bastan jep kórgenimiz joq. Ata-analarımız bolsa shoshqanıń góshin qazanğa salmaq túwe, atın aytsań zir etip, tóbe shashları tik turadı. Hátteki qawınğa kelgen padalılardı da atpaytuğının qáyterseń! Geyde ójetirek bir kisi ata qoysa da, jolamay tek iytlerdi ğana jiberedi.

Mınaw aldımda «albaslıday» bolıp turğan shashlı jigit sol muğallim be eken dep oyladım.

Usı oy payda bolıwdan-aq, qashqım keldi. Biraq, qutılğanday túrim joq. Tóbemde tur-aw! Adımımdı altı ashtırmaydı. Tayaq jewge de qayıl bolıp, qashan urar eken dep tursam, oylağan jerimnen shıqtı. Kem-kemnen mağan jaqınlap kiyatır. Men de oğan tutılmaw ushın ásten-ásten keyin qarap báse basladım. Meniń qorıqqanımdı sezse itimal;

— Toqta, kóyleginńniń etegindegi shańdı qaq, — dedi ol mağan.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Men onıń sózine qarap turayın ba, shalǵaylarıma úńilmesten, sheginip-sheginip barıp birden zıp berdim. Biraq eki-úsh adım atpay-aq qolǵa tústim. Ol meniń qolımdı jibermey turıp, kóylegimniń shań bolǵan eteklerin aynala júrip ózi qaǵa basladı. Dirildep baratırman. Baqırayın desem, dógerekte heshkim kórinbeydi. Rasın aytqanda, baqırıwǵa onnan hám tartınaman. «Bálkim, shańımdı qaǵıp bolıp, ólgenshe sabap keter» degen qıyal da basımnan zuwlap ótti.

— Jańaǵı balalar nege qashtı? — dedi ol bir waqıtta meniń qolımdı bosatıp.

Biytanıs jigittiń bul sorawın naqolay kórsem de, dawısın kútá unattım. «Albaslıday» degen dáslepki pikirime ishimnen qıylanıp:

— Bilmedim, — dep ásten ǵana juwap berdim.

Ol bizlerdiń jańa asıq oynaǵan jerimizge kóz jiberdi. Bir-eki sarı tıyınlar, taǵı eki-úsh asıq shashılıp jatır eken, jıldam terip aldı da, maǵan usındı:

— Má, seniń asıqlarıń shashılıp atır ǵoy.

Qollarım dirildep turıp, asıqlardı aldım.

— Atıń kim? — dep soradı ol. Atımdı aytpaǵa qorqsam da, basqa birewdiń atın ayta qoyıwdı námártlik dep oyladım.

— Turdımurat. Al, ne qılasań?

— Turdımurat, búytip asıqlarıńdı shashpa. Íqshamlı bol. Albıraqlama. Qorqpa, — dedi. Bunnan basqa hesh nárse soraǵan da joq, hesh nárse aytpadı da. Tek bolǵanı:



— Joldaslarıńa qosılıp oynay ber. Ústińdi pataslama! — dedi. Sóytti de



www.ziyouz.com kutubxonasi

tuwrı aqsaqaldıń keńsesine qaray júrip ketti. Men de asıqpastan jónime kettim. Sonda da onıń izinen qarağım kele berdi. Ol táwiraq jerge barğannan keyin artına qayırılıp, oń qolın kóterip, mağan qayta-qayta siltey berdi. Onıń xoshlasqanın yamasa mush kórsetip, «erteń kóremen!» degenin de túsine almadım. Sebebi, birewge gijinsek, ózlerimizdiń bılayıraq shığıp mush kórsetip, abay etetuğın ádetimiz bar ğoy!

Mollanıń áńgimesi ele esimde. Ne de bolsa atımdı biykar aytqan ekenmen. «Kórdiń be mağan mushın kórsetip baratırğanın. Erteń sózsiz sabaydı», — degen oyğa kelip úyge qaray bet burdım. Ayaqlarıma batpan tas baylap qoyğanday ornınan zorğa qozğaladı. Birew iyterip jiberse, jığılıp kete jaqpan ba deymen. Ólimsirep úyge zorğa kiyatırsam, bağanağı qashıp ketken balalar ján-jağımnan qorshap aldı.

— Jańağı muğallim sağan ne dedi? — dep hámmesi birden jabırlasqanda selk ete qalsam kerek.

— Muğallim qasıńa kelgende qorqpay, ketken soń qorqasań-aw! — dedi Qunnazar. Qunnazarğa sonday ashıwım keldi. Ol meni qalay qorqaq deydi. Aldı menen ózi qorqıp qashıp ketti. Sonıń ushın da tullanıp, jónimdi aytpastan ketip qaldım.

## 2-BÓLIM

Túni menen ağam ekewimiz qawın qorıqta bolıp, tańnıń aldında úyge kelip jattıq. Qay waqıt bolğanın bilmeymen. Shırt uyqıda jatır edim. Apam qoyarda-qoymay julqılap atır.

— Túrgel, Turdımurat, túrgel!

Esheyinde búytip oyatpaytuğın edi. Úydiń bir jağına ot tiyip ketken shığar dedim de, apalaqlay kózimdi ashtım. Apam baz-bayağı gúbirlenip atır.

— Túrgel, júktiń artına kir.

Kózimde shala uyqı bar edi. Hayranman, burın júktiń artında jatpaytuğın edim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Júktiń artında ne bar? — dedim apama qarsılasıp.

— Kir sorıqaynaǵan, muǵallim kiyatır! — dep ol sıbırlap, meni asıqtırdı. Usı máhálde muǵallimniń keshegi mushın siltep ketkeni esime tústi. Bul jóninde úydiń ishine hesh nárse aytpaǵan edim. Endi apamlar bilgen eken-aw, dep oyladım: «Urmaytuǵın bolsa nege kiyatır. Úyimizdi bilmeytuǵın adam biziń úydi qalay tawıp aladı. Keshe atımdı biykar aytqan ekenmen. Sorım qaynap tayaq jemesem bolar edi»...

Apam arshanıń ústindegi qarshın-boqjamalardı jıldam-jıldam alıp jerge qoyıp atır.

— Atımdı aytıp qoydım, — dedim men muǵallimnen qashıp qutıla almaytuǵınımdı bilip. Apam da, aǵam da meniń sózimdi tıńlamadı.

— Jat, jat! — dep ekewi teńnen buyırdı. Bir waqıtta aǵam meni qushaqlap aldı da, arshanıń ústine kese jatqardı. Apam ústime qarshın-boqjamalardı úyip, onıń ústine kórpe jıynadı. Kókiregim tap sonday qısıldı, erkin dem alıwım múmkin bolmay qaldı. Bir jaǵımnan kerege qıssa, ekinshi jaǵınan ústimnen júk basıp baratır. Dawısımnıń barınsha «Way-way demiktim» dep baqıraman. Biraq dawısım ózimnen alıslap kete almaydı. Gúbirlengenimdi aǵam sezgen qusaydı. Túrgelip, betimdi azǵantay ashıp qoydı. Bunnan keyin azlap erkin dem alayın dedim. Apam qolına urshıǵın ala-sala alaqshınnıń qasına otıra qaldı. Aǵam qobdıydan atawız benen shókkishin alıp, sozanın sabaqlay sala, góne gewishin jamawǵa kiristi. Bárin de kórip jatırman. Durıs aqıl taptıq deskendey, ekewi birine-biri jımıyısıp qarasıp qoyadı. Aradan kóp waqıt ótpey-aq, aqsaqal menen keshegi men kórgen jigittiń ózi kirip keldi. Sálemlesip qolınan alsa da, kelgen qonaqlarǵa aǵam orın bere qoymadı. Tek jılısıńqırap, esik betirekten olarǵa orın awıstırdı.

Kelgenler meni túk sezbeydi. Tek apama kórinetuǵın usayman. Bir ret men tárepke qaradı da, sestińdi shıǵarma



www.ziyouz.com kutubxonasi



degendey, ózinińi ketik tisli awzın alaqanı menen bastı. Men onısız da tınısh jatırman.

— Balańız qayda? — dedi aqsaqal. Bunı ol ağamnan sorasa da, apam dárriw juwap berdi.

— Qız apasınikine qıdırıp ketip edi.

Muğallim bir nárselerdi jazatuğınday bolıp qolına qálem, qağaz alıp otır.

— Qashan ketti? — dedi ol.

— Keshe.

— Balańızdıń atı kim? — dep soradı muğallim. Usı waqıtta men burıngıdan da beter qısıldım. «Apam atımdı aytsa, onıń qıdırıp ketti, degenine muğallim inanbaydı. Sabap ketse de, búytip jasırınbawım kerek eken. Ağam menen apam teńnen ótirikshi boladı-aw» dep qıynaldım. Sóytip jatıp, sál qozğaldım ba deymen, ústimdegi bir kórpe arshağa súyenip otırğan aqsaqaldıń ústine jalp ete qaldı.

— Haw! — dedi apam hesh nárseni bilmegensip, sóytip ırğıp túrgele sala jańağı kórpeni bas ushıma tamanıraq tasladı. Kórpe túsken waqıtta ayağım shamalı ashılıp ketti me, dep



www.ziyouz.com kutubxonasi

qorqtım. Sebebi muǵallimniń eki kózi ayaq ush betimdi jep baratır. Oǵan bildirmew ushın ayaqlarımdı ásten ǵana bawırıma tartıp edim, ústimdegi kórpe-tóseklerdiń barlıǵı qulap, tasırayıp kórindim. Bul bárinen de jaman boldı. Jata bererimdi de, túrgelip qonaqlar menen sálemlesiwimdi de bilmedim. Apam menen aǵam astıńǵı erinlerin tislep alǵan shıǵar deymen. Bir-birine adırayısa qarastı. Apamnıń urshıǵı úzilip, aǵamnıń shókkishi mańlayına tiyip ketti.

— Turdımurat, demigip qalmadıń ba? — dedi muǵallim kúlip. Ol meniń atımdı umıtqan shıǵar dep edim. Umıtpaǵan eken. Uyalǵanımnan ne qılarımdı bilmey, moyın omırtqası úzilip ketken kisidey, ornımnan zorǵa turdım.

— Jigit te jasırına ma eken? Bul qorqaq adamlardıń isi. Al, Turdımurat sen keshe batır ediń ǵoy? — dedi de muǵallim qasıma kelip, basımdı sıypaladı. — Jasıń neshede?

— On úshte, — dedim men sıbırlanıp.

— Oqıysań ba? — dep muǵallim bir nárselerdi jaza basladı. Ne dep juwap qaytararımdı bilmey, dáslep aǵama, onnan soń apama qaradım. Olar «oqımayman de» degendey, birese kózlerin qısıp, birese basların shayqap-shayqap qoyadı.

— Kempir-ǵarrıńa nege qaraysań? — degen awıl aqsaqalınıń sorawına ne derimdi bilmey uyalıńqırap tursam, muǵallim de meniń ishime kirip shıqqanday, bılay dedi:

— Bul márt jigit, oqıydı.

Jáne ne derimdi bilmey biraz turdım da, birden moynımdı kóterip turıp;

— Awa, oqıyman, muǵallim, — dedim.

Apam menen aǵam maǵan adırayısa qarasa da, aqsaqal menen muǵallim ketkenshe hesh nárse dep keyiy almadı.

— Genjetay balamız edi. Tiymeń, shıraǵım, — dedi aǵam bir nárselerdi jazıp atırǵan muǵallimge.

— Ólip-ólip kórgen ólim sarqıtı edi taslap ket, — dedi apam da jalınıp.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Áketpeymiz, taslap ketemiz, — desti muǵallim menen aqsaqal teńnen! — Shúlenbaydan tartıp alınǵan jayda oqıydı. Awılımızda Shúlenbay degenniń kóp jaylarınıń biri mektep ushın alınıptı dep esitken edim. Endi qayda baratuǵınımdı túsindim.

— Turdımurat sóytip mektepke barasań ǵoy, á? — dedi muǵallim jáne de pisirińkiregisi kelip.

— Baraman, — dedim birden.

— Erteń azanda erte bar, — dedi ol. Bunnan soń ekewi de kóp irkilmedi.

## 3-BÓLIM

Muǵallim menen aqsaqal ketip qalǵannan keyin apam menen aǵam meni ortaǵa alıp. Hárqaysısı bir tońqıldap atır:

— Nege kórindiń?

— Orısqa oqıp, bizlerdi dozaqıy qılmaqshımısań?

Men apam menen aǵama usı waqıtqa shekem qarsılasıp bir awız ańgime aytıp kórgenim joq edi. «Orısqa oqıp»... — degenine ashıwlanayın dedim. Sebebi, ekewi de kóz kóreki ótirik sóylep otır. Muǵallimniń qay jeri orıs?

— Muǵallim qaraqalpaq emes pe? — dedim.

— Orıs bolmaǵanda shash qoya ma, dedi apam taǵı da gúbirlenip.

Muxammed payǵamber de óz waqtında shash qoyǵan degen ápsanalar esitken edim... Biraqta ata-anam menen jánjellesiw ádet bolmaǵanı ushın olarǵa payǵamberimizdiń shashı bolǵanı haqqında aytıwdı ózime maqul kórmedim. Sonda da, ekewi de óz ara gezeksiz sóylep atır, sóylep atır. Men úndemey ásten sıpırılıp úyden shıqtım da kettim... Sonnan Sayıp penen Qunnazardı kóreyin dep izlep barsam, úylerinde joq. Apalarınan sorasam, qayda ketkenlerin aytpaydı. Mende dárriw jańa oy payda boldı: «mollanıń aytqanında jan bar shıǵar,



www.ziyouz.com kutubxonasi

bolmasa, balalar nege jańa muǵallimnen qashadı eken? Muǵallim búgin bolmasa erteń uratuǵın shıǵar» dep, taǵı qorqa basladım. Endi men de, qız apamnıń úyine qashıp ketpesem bolatuǵın emes. Biraq, olar qalanıń túbindegi awılda turatuǵın edi. Táwekel, qız apamdikine keteyin dep úyge kelsem, qız apamnıń ózi qıdırıp kelipti. Onıń mennen eki jas kishi balası bar edi. Ol joq.



— Bekbay qayda? — dedim ájepama.

Óytkeni, Bekbaydı jaqsı kóretuǵın edim. Ol úyge qıdırıp kele qoysa, qaladaǵı kórgen jańalıqlarınıń hámmesin aytıp beredi. Men de bos qalmayman. Onı ertip áketip qızıqlar kórsetemen. Shabaq uslaymız, bazda qawın urlıqqa da ertip aparatuǵın edim. Búgin jalǵız ózim ábden jalıqqanlıqtan, bir nársem túsip qalǵanday bolıp júr. Onıń ústine Bekbaydıń kelmegeni de bir túrli kórindi.

— Jańa mektepte oqıp qaldı, — dedi qız apam sóziniń arasında.

— Muǵallim ura ma eken?

— Kim ayttı? — dedi ol maǵan.

— Muǵallim orıs pa? — dedim taǵı.

— Qaraǵım, óydeme! Muǵallim áp-ánedey qaraqalpaq jigiti.

— Muǵallimniń shashı bar ma? — dedim kózimniń qıyıǵı menen ájepama da qarap.

— Shashı bolǵanda ne qıladı? — dedi ol meniń sorawımdı jaqtırmay, — Qaladaǵı jergilikli jigitlerdiń kóbisi shash



www.ziyouz.com kutubxonasi

qoyıp júripti. Esitpegenbiseń, ráwiyatlarda, ápsanalarda Payǵamberimiz Muxammed aleyxassalam da shash qoyǵan. Biraq, shontıq, shala sawat mollalar jańasha oqıwdı, namazlıqtan tısqarı ilim-bilim úyreniwdi hámmege ubıjıq qılıp túsindiredi.

Men ájepamnıń gápine azmaz quwanayın dedim. Sebebi, ájepam kútá oyshıl. Kóp nárselerdi jaqsı biledi. Kúyewi qalada isshi. Biraq, ne jumıs isleytuǵının bilmeymen. Al ájepam bolsa, hár kelgen sayın bizlerge mol-mol bazarlıq ákelip, apam menen aǵamdı ózinshe aqıllandırıp:

— Turdımuratjandı urmańlar, kókiregi jatıq bolıp óspesin — deytuǵın edi.

Ájepamnıń ne sebep usılay deytuǵının onsha túsinbesem de onıń, meni jaqsı kóretuǵınlıǵına taqıyıq isenetuǵın edim. Jalǵız inisimen ǵoy aqırı!

Bul saparı ájepamnıń kózinshe apam menen aǵam maǵan keyigendi qoydı.

Azanda kútá erte turdım. Burınları úydiń ishindegi adamlardıń gúlláni shay iship bolǵannan soń turatuǵın edim. Búgingi erterek turǵanım apama unamaǵan usaydı.

— Nege erte turdıń? — dedi ol dawısın zillirek etip. Meniń bolsa muǵallimge bergen keshegi wádem bar. Baraman degen soń barıwım tiyis. Meyli, sabay qoysın. Ústimniń shańın qaǵıp, asıǵımdı jıynap bergen adam qalay sabay qoyar deyseń!

Tańnıń aldında qawın qorıqtan kelgen aǵam qorıldap ele uyıqlap atır edi.

— Oqıwǵa baraman, — dedim men apama, ketiwge ıńǵaylasıp. Bul waqıtta ájepam da dalada júr edi. Apam túrimdi jaman kórdi me, dárriw aǵamdı oyatpaqshı boldı. Aǵam oyana qoysa, kete almaytuǵınıma daw joq. Menińshe ketpewge bolmaydı. Esikke qaray júre bergenimde apam bir qolı menen shalǵayımdı uslap, ekinshi qolı menen aǵamnıń basın shayqay basladı. Tap usı demde qazanda pisip atırǵan



www.ziyouz.com kutubxonasi

sút birden tasıp, qaqpaqtı kóterdi de, oshaqqa tógildi. Apam meni qoya berip, qazanǵa jarmasqan gezde sút ishiwge qaraw túwe bet-qolımdı juwmastan, úyden shıǵa zıttım.

Shúlenbaydıń tamın jazı menen kórgenim joq edi. Sırtı háklenip, kún menen shaǵılısatuǵın bolıptı. Aynalası mıstay taza. Muǵallim jańi joq kóylek kiyip, dalada júr eken. Meni kóre sala ishke kirip, keshegi kóylegin qaytadan kiydi de, dalaǵa shıqtı.

Jaydıń átirapı jım-jırt. Ele mennen basqa bir de bala kelmegen. Awızımdı ashıp, sırtı ayday appaq jayǵa ańırayıp qarap, biraqta tuwrı maǵan qaray kiyatırǵan muǵallimdi kórmegen kisi bolıp tur edim:

— Sálem, Turdımurat! — dedi de maǵan oń qolın usındı.

Muǵallimdi usınıń menen úsh ret kórsem de, qol alısıp sálemleskenimiz joq edi. Eki qolımnıń alaqanın bir-birine jabıstırıp, onıń iri qollarınıń arasına oń sawsaǵımdı tıqtım.

Dúysen molla menen de usılay sálemlesetuǵın edim. Biraq, onıń barmaqları qaq jıńǵılday qattı, alaqanları kúygen teridey edi. Qol bersem, qaytıp alǵansha asıǵatuǵın edim. Mınaw muǵallimge qol bergende, ózimdi pútkilley basqasha sezdim. Torsıqtay barmaqları qaynap shınıqqan polattay nıq eken.



— Úy-ishiń baqırǵan joq pa? — dep soradı ol qollarımdı ásten ǵana qısıp. Bunı ne sebep, sorap turǵanın da bilmeymen. Áytewir, shúy tóbemnen baslap tabanıma deyin názer salıp qarap ótti. Jalań ayaq edim. Qollarım da kir usaǵan. Tırnaqlarım ósip ketipti. Ayaqlarım da



www.ziyouz.com kutubxonasi

ǵarǵanıń tuyaǵınday qap-qara. Onıń ústine azanda juwınbaǵanman.

— Qáne, juwınıp alasań ba? — dedi muǵallim.

Qısınıp kettim. Biraq, ol ishke qaytadan juwırıp kirdi de, bir quman suw ákeldi.

— Mınaw jıllı suwǵa juwınıp ala ǵoy.

Ilajsızdan onıń qolındaǵı qumandı almaqshı bolǵanımda, ol bermedi;

— Ózim quyaman, sen juwına ber, — dedi.

Qumandı maǵan uslatpaǵa jerkenip turǵan shıǵar degen oyda turǵanımda, ol juwırıp jáne ishke kirdi de, bir sabınnıń alqındısı menen bet sıpıratuǵın súlgi ákeldi.

Sabındı qolıma alsam da, qalay juwınıwdıń esabın tappadım. Muǵallimnniń úyretiwi boyınsha ǵana áweli qollarıma, soń betime, moynıma, basıma súrte basladım. Muǵallim suw quyıp tur. Biraq, kózim sonday ashıp ketti. Aytayın desem uyaldım.

— Endi kózlerińdi birinshi juw, bolmasa kóbik tamıp ashıtadı, — dedi ol meniń qıyalıma túsinip.

Juwınıp bolǵannan keyin bet-qollarımdı muǵallimnniń ózi sıpırıp, girshtey tap-taza etti. Ishke aparıp aynaǵa qaratıp edi, ózimnniń sıyqım ózime kútá unadı. Baspaq murınnan kelgen qara kózli, jumalaq júzli bala ekenmen.



Iyegim sál qayqılaw. Bolmasa sulıwman dep maqtanıwıma da bolarlıq. Aynaǵa qarap kúlip te qoydım. Betimnniń eki almasında eki shuqır bilinip ketti. Burın qanday ekenligimdi kórmegen edim, geyde oynap-oynap kelgende, apam betimnniń ılaslıǵın aytıp zorlap juwındıratuǵın edi. Bolmasa, azanda bir juwınǵannan



www.ziyouz.com kutubxonasi

basqa juwınıwdı ádet etip kórgen de emespen. Muǵallimniń qayırqomlıǵınan: «endi ol meni uradı» degen pikirden de ajırastım. Qalay ajıraspayın, qayta ol ósik shashlarımdı óziniń taraǵı menen tarap júr.

Bunnan keyin ol mennen ananı-mınanı soray basladı. Erte kelgenimniń de, juwınbay kelgenimniń de sebeplerin soraǵanda, qaldırmay bárin aytıp berdim.

Onıń izine erip ózi menen shay ishiwge otırdıq. Nelikten de ol meni ózinen tórirek otırǵızdı. Dáslep kútá qısındım. Ilaj qansha, aytqanımdı qılmadı. «Otır» degen jerinde otırıp shay ishtik.

Dalaǵa shıqsaq úsh-tórt bala kelip, mektepti aynalıp júrgen eken. Tanımayman. Muǵallim olardıń qaslarına barıp, meniń menen qalay sálemlesken bolsa solay sálemlesti. Sóytip, bárimizdi ertip, ishke kirdi.

— Mine, bul sizler oqıytuǵın klass, — dedi muǵallim bir ójireniń esigin ashıp.

Hámme kirdik. Boyralar tósewli jatır. Burın bul jayda Shúlenbay turatuǵın edi. Onıń waqtında bizler kiriw túwe, ákelerimiz úyiniń átirapınan zorǵa ótetuǵın edi. Endi, mine jay bizlerdiń oqıytuǵın klasımız, ishimnen quwandım.

— Balalar, — dedi muǵallim. — Házirshe jerde otırıp oqıy turasızlar. Mınaw qara taxtayǵa xat jazasızlar, — dep diywalǵa qaǵıwlı turǵan qara taxtanı kórsetti. Sońınan qara taxtanı «doska» dep te túsindirip qoydı. Sonıń arasında bir hayal kelip bárimizdi shaqırıp ketti. Barsaq, óz aldına bir jayda azanǵı halqas tayarlaǵan. Qoyıw sarı máshaba kishkene qırmalarǵa quyılǵan. Darawara bir qırma qasıǵı menen aldımızǵa qoyıldı. Bizler ishimizden hayran qalıssaq ta, úndespey ishe basladıq.

Muǵallim de bizler menen teń bir qırmanı aldına alıp, qatarımızǵa otırdı. Tamaqtı kórip, kirgen úyimizdiń álleqanday bir sadaqası shıǵar dep oylaǵan edim. Usını túsingendey:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Mine, balalar, — dedi muǵallim ózi bir urtlam ishkennen keyin. — Bul baylardan alınǵan máshten islengen awqat. Esińizde tutıńlar, endigiden bılay hár kúni azanda sizlerge usınday halqas tayarlanadı.

Halqastan soń muǵallim hámmemizdi klassqa kirgizip:

— Qáne balalar, búginnen baslap bir-birimizge dospız, dep qol alısıńlar, — dedi. Bizler qol alıstıq. Muǵallimniń aytqanı boyınsha «endi bir-birewge dospız» dedik.

— Muǵallim, — dedi meniń qaptalımda otırǵan taqıyalı bala. — Siziń atıńız kim?

— Atım-Meńlimurat.

— Meńlimurat muǵallim desek bola ma? — dedi jáne bir bala.

— Meni «Meńlimurat aǵa» deseńiz de, «Meńlimurat muǵallim» deseńiz de boladı, — dedi ol kútá álpayım. Bizler ishimizden «Meńlimurat aǵa, Meńlimurat muǵallim» dep sıbırlasıp, eki ret tákirarladıq. Bunnan keyin Meńlimurat aǵa bizlerge qaǵaz-qálemler úlestirip berdi.

## 4-BÓLIM

Awılımızda Serjan degen usta bar edi. Arba soǵatuǵın da, áynek-qapı soǵatuǵın da, sol. Bir kúni Meńlimurat aǵa, bizlerdiń hámmemizdi sonıkine ertip bardı. Barsaq bes-altı skameykalardı dizilistirip qoyıptı. Men burın aqsaqaldıń keńsesinde kórip edim. «Bunıń ústine qalay otırıp oqıymız» dep oyladım ishimnen. Sóytse de muǵallimniń ótinishi menen ekew-ara birewin kóterip klassqa ákeldik. Meńlimurat aǵanıń kórsetken orınlarına qoyıp, burınǵıday jerde otırmastan sımǵa qonaqlaǵan qarlıǵashlarday bolıp dizilisip, bizler de skameykalarǵa otırdıq. Burın ádetlenbegenlikten be, bir saat otırıwǵa da shıdamay meniń belim awıra berdi. Bir ózim be dep ján-jaǵıma qarasam, qasımdaǵı balalar búyirlerin



www.ziyouz.com kutubxonasi

tayanıp, Meńlimurat ağanıń kózin aladı da, kerilip qoyadı. Qubladağı awıldan kelgen taqıyalı bala skameykadan jılısıp túsip, jerge júresinen otırdı. Bunı kórgen Meńlimurat ağa onıń qasına keldi.

— Ne qılıp otırsań?

— Belim awırıp baratır, — dedi ol rasınan kelip. Bizler duw kúlistik.

— Hesh nárse qılmaydı úyrenip ketesiz, — dedi de Meńlimurat ağa taxtağa bir nárseni sıza basladı...

Sabaq tamamlanğannan keyin muğallim kúndegi ádetinshe tağı da oqıwdıń paydalılığın hám áhmiyetliligin, oqıp shıqsaq, elge, jámiyetimizge teńdey paydalı adamlar bolatuğınımızdı túsindirdi. «Jámiyet», «teńlik» degen sózlerdiń mánilerin túsinbesem de qaytıp soray qoymadım. Basqalar da, tillerin birew julıp áketkendey únsiz otırğanda:

— Baylar menen jarlılar teńleseme sirá? — dedi arığıraqtan kelgen Turdıbay. Bul bala mektepke búgin birinshi ret kelgen edi.





www.ziyouz.com kutubxonasi

Kópshilikte muǵallimnen tartınbastan soraw bergeni meni tańlandırdı. Onıń sorawına juwap berer aldında muǵallim girttay oylanıp turdı da:

— Teńlesedi. Házir awıl xojalıǵı qurılıp atır. Endi kimde-kim miynet etse haqı aladı. Biraq, miynet etken adamlar menen etpegen adamlardıń arasında úlken parıq boladı. Sebebi, miynet islemegen adamlardıń burınǵıday bayıp ketiwi múmkin emes, — dedi.

— Qalay inanıwǵa boladı.

— Islemegenler ashtan óleme sonda?

Klassta aynaldırǵan 7—8 bala bar edi. Hárqaysımız bir nárseni aytıp, muǵallimdi shatastırǵan usaymız.

— Toqtań, — dedi Meńlimurat aǵa bir qolın kóterip.

— Hárbirińiz ornıńızdan turıp birimlep sorańlar!

Sońǵı sorawdı da bergen Turdıbay edi. Muǵallimniń «toqtańlar, birimlep sorańlar!» degenine me, yamasa basqa bir nárse boldı ma, áytewir ol awzın lopayday etip, erni sol salbırawı menen klasstan shıǵıp ketti. Meńlimurat aǵa da ań-tań boldı. Bizler de onıń ketkenin túsinbedik. Klass ishin az-maz jım-jırtlıq qapladı.

Turdıbaydı men burında da ójet shıǵar dep pámleytuǵın edim. Talay ret oyınǵa kelip bizlerge ókpelep ketken waqıtları da az emes. Haqıyqatında da onıń betine tiklenip bir nárse aytsań, qıltıyıp qalatuǵını da ras edi. Sonnan soń qashanǵı jalınayıq, quwıp jiberetuǵın edik. Bir jola jumısım bolıp úyine barsam, Turdıbay ǵarrı atasınıń moynına alshayıp minip, bir qolı menen saqalınan tartıp, shúw-shúwlep





www.ziyouz.com kutubxonasi

otır eken. Atası oǵan dım úndemeydi. Turdıbay bolsa, qayta-qayta onıń moynında sekirip tınıshın ketirip otır. Qoya ber sirá, tap naǵız eshekke minip alǵanday! Onıń sondaǵı sekiriwine saqalı appaq ǵarrı túwe men shıdamaspan. Biraq ol meni kóriwden maqtanısh sezimler menen aldına-artına qozǵalǵandı qoydı. Ǵarrı tınısh otır. Men atanıń qolınan alıw ushın oǵan qolımdı uzatqanda ǵana ol balasınıń eki ayaǵınan kóterip túsirdi de, maǵan qol sozdı. Biziń apam usap onıń kempiri de sút pisirip atır eken. Men kelgen jumısımdı birden aytpastan, qaptal betke otıra kettim. Olar da meniń nege kelgenimdi soramadı. Bálkim balası menen oynawǵa kelgen shıǵar dep oylaǵan bolıwı kerek. Durısın aytqanda, onıń balası menen oynaw túwe qasında bir maydan turǵım kelmeytuǵın edi. Dım ǵana jek kórsem de shıdadım hám onıń ábeshiy gúllán qılıqlarına qaraǵım kele berdi. Sebebi hárbir islegen isi maǵan ersi kórinip baratır. «Apa, qaymaq» dedi ol ásten ǵana. Kempiri bolsa «pissin, balam pissin» dep qazannıń qaqpaǵın qayta-qayta ashıp kórip atır. Turdıbay bolsa shıdaytuǵın emes. «Qaymaq-qaymaq» dep apasınıń esin aldı. Sonıń arasındaǵı oshaqtaǵı ot birden shalqıp ketip, sorlı kempirdiń de qolın jalın sharpıdı. Buǵan ashıwlanǵan kempirdiń shıdamay «pay, sen bala da asıqtırasań-aw» degeni máttal, Turdıbay qaytıp sóylemedi. Ǵarrısına da, kempirine de xabarlaspastan keregege ildiriwli turǵan úlken bir shapandı ala sala oranıp búkkesine túsiwi menen jattı da qaldı. Endi ketiwge qolaylasqan edim, apası bir nárselerge gúrmelip atırǵan soń azmaz irkildim. Sebebi, jumısım da sol kempirde edi. Kempir qazandı túsire sala súttiń qaymaǵın sarı zerenge gilpip alıp Turdıbaydıń qasına qoydı.

— Aynalayın, má, jep jata ǵoy?

Turdıbayda ún joq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Jey ǵoy, shıraǵım!

Turdıbaydı demde uyqılap qalǵan shıǵar dep edim. Oyım biykarǵa shıqtı. Kempir onıń ústine jamılǵan shapandı az-maz kóterip edi, ol armanıraq keregege tıǵıldı. Ǵarrısı da qayta-qayta erkeletip, sulıw sózlerdi aytıp jalınıp atır. Sirá turatuǵın túri joq. Endi ekewi de jalına basladı. «Kim saǵan baqırǵan? Mınaw kempir me? Áy, ońbaǵan kempir» dep ǵarrısı óz jambasın ózi sartıldatıp ursa da, onıń qozǵalatuǵın túri bolmadı. Bir waqıtta kempir jáne bir hiyle tawıp, «Mınaǵan qara, Turdımurat saǵan kúlip otır» dedi. Biziń apam da geyde usılayınsha birewlerdi mısal etip aytatuǵın edi. Kóp mısalı ótirik qusaydı-aw shaması, degen oy keldi maǵan. Sebebi, men házir oǵan kúlip emes, ashıwlı gijinip otırman. Sonda da bul kempir meni mısal etip atır. Al meniń apama ókpelep kórshi, jambasıńdı burap-burap alsın. Al, mınaw Turdıbaydı atası da, apası da urǵan da joq, tek jalına beredi. Men «biziń apam usap payın iytke aparıp quyar ma edi, qanday dúzeler edi» dep oyladım. Sonıń arasında:

— Turdımurat, sen de ókpeleyseń be? — dep soradı kempir mennen.

— Joq, ókpelemeymen. Ókpelesem apam janımdı kelige qamaydı, — dep rasın aytıp edim, Turdıbay oyaw jatır eken túrgele sala maǵan asıldı. Kelgen pátte jaǵıma shappatı menen bir eki dóndirip te jiberdi. Qalay qarap otırayın, áwliye bolǵanda úyi shıǵar. Men qarsılasıp jarmastım.

Biraq atası bizlerdi ayırıp jibermegende, oǵan kúshim jetetuǵın edi. Ras sabap qumardan shıǵayın dep edim. Ǵarrı meni, kempir Turdıbaydı usladı. Sóytip júrip kelgen jumısımdı aytıw da esimnen shıǵıptı. Ketip qaldım...

Sonnan beri Turdıbaydı úyinen awlaǵıraqta bir gezlestire almay júr edim. Mine búgin men sıyaqlı ol da mektepke kelgen soń ǵana kórip otırman. Biraq, onıń muǵallimdi tıńlamay shıǵıp ketkenligine qarap, mennen qorıqtı-aw dep



www.ziyouz.com kutubxonasi

pámledim. Eger Meńlimurat aǵa eń dáslep gileń balalardı birimlep qol alıstırıp:

— Búginnen baslap dos bolıp júriń, — demegende, sabaqtan shıqqan soń onıń menen bir gelle kóre qalıw qıyalımda da joq emes edi. Endi bolsa sol maqsetimdi qoyıp otırman. Sebebi, alaqanǵa alaqan tiygen soń urıspawımız kerek. Burın ózlerimiz birewler menen tóbelese qalǵanda, jası úlkenlew bir bala qol alıstırıp jarastıratuǵın edi. Al, Meńlimurat aǵa tap usı tártipti bilgendey bir-birewimiz benen jańaraqta ǵana qol alıstırıp shıqtı ǵoy. Onıń nege óytkenin endi túsindim. Muǵallim Turdıbay tuwralı bizlerge bılay dedi:

— Meniń shamalawımsha úyinde de biytártip bolıwı kerek. Inanbasańız úyine barıp kórińler. Múmkin, tegerań nársege kek etip tamaǵın da ishpeytuǵın shıǵar. Bolmasa, «ornıńızdan turıp gezek penen sorańlar» degenge ókpelep ketpes edi. Meyli, kete bersin. Ózim úyine barıp, ata-anası menen sóylesemen.

Men usı waqıtta Meńlimurat aǵaǵa hámme balalardıń aldında, Turdıbay tuwralı barlıq kórgen bilgenimdi aytpaqshı edim, jáne ózime-ózim háy berip, tınısh otırdım. Sebebi, Meńlimurat aǵa jáne bir qızıq áńgime baslaǵan edi.



— Házir baylar ne ushın konfiskaciyalanıp atır? — dep bizlerge soraw qoyǵan boldı da Meńlimurat aǵanıń ózi taǵı sóyley berdi. — Sebebi, olardıń artıq malları alınıp awıl xojalıǵına beriledi. Bul mallar awıl xojalıǵınıń ortalıq malları boladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sol mallardı awıl xojalığı ağzalarınıń ózleri keregine jumsay aladı. Mine kórip tursız, — dedi ol klasstıń diywalın nusqap. — Sizler usı keń, tóbesi biyik jayda oqıp atırsız. Bul jayğa sizler túwe ákelerińiz de kirgizilmeytuğın edi. Áne endi bul jaydıń esigi hámmege ashıq, usı awıldağı bárshe adamnıń jayı. Keleshekte bunnan da keń peyilli, ózimizdi ózimiz tanıy biletuğın ata-babalarımız benen maqtana biletuğın jámiyet dúziw ushın jaqsı oqıwğa tırısıńlar. Payğamberimiz «besikten qábirge shekem ilim úyren» dep biykarğa aytpağan.

— Sayıp, Qunnazarlar oqımay ma? — degenimdi bilmey-aq qaldım.

— Oqıydı. Qayda olar? — dedi muğallim qızıqsınıp.

— Kólde jasırınıp júr, — dedim men.

— Neshe bala?

— Kóp. Arasında qızlar da bar, — dep juwap bersem de, aqıbetin oylap ózimnen ózim uyalıp kettim. Sebebi, usı otırğanlardıń ishinen birewi adamlarğa «Turdımurat belsendilik etip júr» dep jayıp jiberse neshe pullıq bala bolaman.

— Qáne, balalar, sol balalardıń qashıp júrgen jerine meni kim ertip baradı? — dedi Meńlimurat ağa bárimizge tigile qarap. Qashıp júrgenlerdiń atların aytqanım azba! Endi olardı qalay tawıp beremen?! Ata-anaları bilse kórgen jerde mağan: «Kele bolmaytuğın nasaz, shirkin» — dep báláátleydi-ğoy...» dep oyladım. Meńlimurat ağa bizlerge qadala qarağan menen, awırmanlıq meniń basıma túsip turğanday sezindim. Basqa balalar sam-saz. Sóylew túwe meni de jaqtırmay, astıńğı erinlerin qımıp qoyadı, birazı.

—Kimnen qorqasızlar? — dedi Meńlimurat ağa bizlerdiń sırımızğa túsinip.

— Aparıw túwe qay jerde ekenin aytsaq bolğanı, ishinde úlken balalar bar. Bizlerdi sabaydı, — dedi bir bala.

Meńlimurat ağa azmaz oylanıp turdı. Bir kitabınıń arasın ashıp úńilip kórdi de, bizlerge qaray sóyley basladı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Balalar, sizler nege qorqasızlar? — dedi.
Hámme jım-jırt.
— Bilimnen qashıw, biliwden qashıw barıp turǵan nasazlıq, námártlik, — dedi muǵallim dawısına ózgeris kiritip, álle nársege qáhárlengendey.
— Bilesiz be, sizlerdey balaları, qızları qorqaq elde keleshek bolmaydı. Ne ushın? Qorqaqtıń el tulǵası bolǵanın qaysı dástannan bolmasa qanday ápsanadan esitkenińiz barma? Joq álbette!
— Qáne, Turdımurat, sen esittińbe? — dedi muǵallim.
— Joq, esitpedim, — dedim.
— Basqalarıńız she?
— Esitpedik, — desti hámme bir awızdan.
— Olay bolsa, orıs balalarınıń mártligi jóninde esitińler.
Hámme ses-semirsiz, hátte nápesin de ásten alıp muǵallimdi tıńladı.
— Perm guberniyasında Markovo degen awılda Vanya Karasev degen bala bolǵan. Ol bir jasında ata-anasınan jetim qaladı. Sebebi, áke-sheshesin álleqanday qaraqshı basqınshılar óltirip ketken. Sol bala áwelinde bir jaqınınıń, soń 7—8 jasqa shıqqannan keyin, hárkimnen tilenshilik etip kún kóredi... Ol on eki jasqa shıqqanda onı bir topar qaraqshı-basqınshılar úgitlep, kiyim-kenshek áperip, jaqsı tamaq berip, óz awılındaǵı ataqlı bir adamnıń úyinde kimler barlıǵın soraydı. Ol barıp sol ataqlı adamnıń úyinde bir topar atlılar bázim qurıp otırǵanın aytıp keledi. Bunı esitken baspashılar sol ataqlı adamnıń úyine topılıp, hámme qonaqqa úy iyesin de qosıp óltiredi hám úyine ot beredi. Sonda Vanya qanday biyrehim jawızlarǵa xızmet qılǵanın túsinip, olarǵa qarsı gúreske bel baylaydı. Sóytip olardıń jasırınatuǵın jerin tawıp aladı da basshısına pıshaq penen umtılıp, óltiredi. Vanya qolǵa túsedi. Bári-bir ol qorqpaydı. «Bárińizdi óltiremen!» deydi. Sonıń arasında sumlaw bir qaraqshı onı úgitlep «bizlerdi áshkara



www.ziyouz.com kutubxonasi

qılmasań tiri jasaysań!» deydi de jáne pul beredi. Bala puldı qolına aladı da, bılayıraq shıǵıp oylanıp, sol pulına bir qabaq may satıp ákeledi de, qaraqshılar jatqannan keyin, olardıń tólesi aynalasına maydı sebelep quyıp, ot beredi. Awıl qaraqshılardan qutıladı.

— Onday er júrek balalar tek orıslarda bolǵan ba? — dedi balalardıń biri.

— Ǵarrı atalardıń aytqan ápsanaları boyınsha Shıraq isimli aqıllı, batır shopan ótken. Ol biziń babalarımızdan biri. Mıń jıllar burın ótken. Ol elge kiyatırǵan dushpanlardı aldaw ushın óz denesine bet-álpetine pıshaq penen jara salıp, olardıń aldınan shıqqan. «Men sizlerge xızmet etemen. Meni óz elimniń basshısı azapladı» degen. «Olay bolsa bizlerdi elińe alıp bar» degen jawdıń ásker basshısı. «Yaqshı» depti sol Shıraq isimli aqıllı insan. Solay etip olardı suwsız shólistanǵa baslap, báriniń shólden óliwine ákelgen. Ózi de ólip ketken. Minekey, aqıllı adamlar sonday boladı. Sizler bolsa, awılıńızdıń balalarınan qorqasızlar. Qalay boladı «Bilimli dana mıńdı jıǵadı, bilimsiz tek birewdi ǵana jıǵadı» degen xalıq danalıǵın esitpegensiz be?

Balalar lám-mim, úndespey qaldı. Orıs balası Vanya eski babamız shopan Shıraq jónindegi ápsanalar hámmege tásir etti me, etpedi me onı bilmedim. Biraq men kútá biyjaǵday awhalǵa tústim. Qanday batır bala-á? Qanday aqıllı shopan ata-Shıraq? Al, biz qurı dalada qorqıp júrmiz. Usılayınsha «meniń aytqanımdı awıl adamları, toǵayda qashıp júrgen balalar bilse, toz-tozımdı shıǵarıp júndey tútip sabap ketedi» degen pikirimdi pútkilley biykarladım. Biraq, sonda da hámmeniń aldında «Men sizdi olarǵa baslap baraman» dep ayta almay otır edim.

— Erteńge shekem sol balalardıń jasırınıp júrgen jerlerin anıqlap, erlik isleńler, balalar, — dep muǵallim eskertti de, qaldı...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 5-BÓLIM

Úyge kelgen soń da muǵallimniń ótinishi esimnen shıqpadı. Túni menen oylandım. Ol aytqan ápsanalar jóninde oylandım. Men de jas emespen erlik islesem boladı, oqıwdan qashıp júrgen balalardı tawıp beriw de erlik bolsa kerek, degen oy menen tań azanda turıp, úydiń ishine muǵallimge baratırǵanımdı ayttım da, úyden kettim...

Awıldan shıǵıwdan-aq qádimgi toǵay baslanatuǵın edi. Kelte shabırawıt jıńǵıllar, onnan soń iri ermanılar, onnan armanıraq ótseń, kóldiń jiyegindegi taqırlıq bar. Bulardıń hámmesi de maǵan oń qolımday, kózimdi jumıp júrsem de adaspayman!

Meńlimurat aǵa menen qatarlasıp usı toǵaylardıń arasınan júrip kiyatırmız. Ol geypara búrshikli jıńǵıllardıń basın buwıp ketedi. Qaytarsın adasıp qalamız degen oy menen usılay isleytuǵının uǵınsam da, oǵan heshteńe demeymen. Kóldiń jiyegine kelgende taqırlıq shatırashtay bolıp kórindi. Hár jerinde jarıǵı bolmasa, tap birew aylandıra sıpırıp, sıbap shıqqanday edi... «O, o, qanday gózzal! — deydi Meńlimurat aǵa, — Qoldan sıbaǵanday».

Ol biziń awıldıń aynalasında birinshi márte qusaydı. Aynalasına, aldına, artına, ján-jaǵına qaray beredi...

— Watanımızdıń toǵayı qanday sulıw, — dep qoyadı ara-tura.

Taqırlıqtan ótkennen keyin, «Dóńgelek kóldiń» qamıslıǵı baslandı.

— «Dońgelek kól» degenshe dóńgelek eken, — dedi Meńlimurat aǵa aynalasına kóz juwırtıp qarap turıp. Onıń boyı mennen uzın bolǵan soń arǵı shetin de kórip turǵan shıǵar dep oyladım. Usı aynalada tuwılsam da, bul kóldiń qay jeriniń dóńgelek ekenin ózim ele bilmey júrgen edim.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sonda da sóylegenim joq. Úndemey, jol baslap kiyatırman. Muǵallim bul toǵaydıń háddi-úddin bilmegenlikten men qalay júrsem, olda solay erip kiyatır.

Naw qaraǵay qamıslardıń arasına kirgennen keyin Meńlimurat aǵa joqarı qarap turıp tańlandı;

— Qamıslar da usınsha biyik boladı eken-á!

Men Meńlimurat aǵa menen táwir-aq úyreniskenim ushın:

— Biziń jaqta qamıslar usılay ósedi, — dedim. Meniń oyımsha ol da meni balasınıp, onsha sır jasırmaytuǵın dárejede sıyaqlı. Soń men de onnan tartınǵandı qoydım.

— Siz neshe jıl oqıdıńız, aǵa? — dedim oǵan bir tınıspada. Ol meniń sorawımdı qolaysızlaw kórdi me, kúlip qoydı. Sonda da maǵan qattı kelmey mınalardı ayttı:

— Bunnan segiz jıl burın internatqa alınıp, oqıwǵa ketken edim. Tórtkúldegi internatta úsh jıl oqıdım. Onnan soń meni muǵallimshilik jumısqa jiberetuǵın bolıp edi. Írzashılıq bermedim. Sóytip, Tashkentte taǵı tórt jıl oqıdım.

Meniń esaplawımsha Meńlimurat aǵa tap jeti jıl oqıǵan. Qanday uzaq oqıǵan-á? Biziń aǵam menen apamnıń aytıwına qaraǵanda, jeti jıl degen bir adamnıń ómiri. Eger, keterde hayalı júkli bolıp qalǵanda Alpamıstıń Jádigerindey bolıp, jeti jasar balası aldınan shıǵadı eken-á? Bizlerge bunday bolıp jeti jıl oqımaq qayda? Oqıy qoysaq: úsh jıldan keyin muǵallim bol dese oylanbastan ırzashılıq bildirer edik-aw!

Tashkent degen sózdi birinshi ret esittim. Onı qala deyin desem de, mektep deyin desem de, tilim barmadı. Menińshe, Shımbay, Qońırat, Xojeli barmısh. Al, Xalqabad degen qalanı ómirim tuwıp bir ret-aq kórdim. Onda da ájapamdikine qıdırıp barǵanda. Qala degen tıǵılısqan tam boladı eken. Usılardı oylap tım-tırıs kiyatır edim. Onıń ózi Tashkent tuwralı jáne sóylep berdi...



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Kóldiń ishkeriregi, ótken jılı suw basıwı bolǵan edi. Oǵan adamlar biyday egip aldı. Biyday atızdıń átirapı aynala qamıs. Onda qırǵawıllar da kóp. Jaqında men de sol jerge bir ret balalar menen kelip, duzaq qurıp qaytqan edim. Muǵallimnen jasırınǵan balalar da sol atızlardaǵı topan qambalardıń dógereginde shıǵar degen oy keldi maǵan. Bálkim, olar qırǵawıllarǵa qurǵan duzaqlarına alısıraqta názer taslasıp, kúshigendey ańlıp otır ma, kim bilsin. Sebebi, olardıń birazı keshte awılǵa kelse, basqaları kelmeydi. Sonda kúni menen duzaq qurmay ne qıladı? Esitiwimshe, topan qambanıń arasında jatatuǵın usaydı. Meńlimurat aǵanıń aytıwına qaraǵanda, Sayıptıń da, Qunnazardıń da kempirǵarrısı balalarınıń qayda ketkenligin, ne qılıp júrgenligin aytpaǵan eken.

Qamısqa aralasıp ósken jıńǵıllarǵa duwshar keldik. Bunday orınlar serppe duzaq qurıwǵa kútá qolaylı bolatuǵın edi. Biraq, men bul jerlerde duzaq bar, dep oylaǵanım joq. Bir jıńǵıldı aynalıp óte bergenim, bir shıbıq kózime shırp ete qaldı. Dawısımdı shıǵarmastan qos qolım menen kózimdi basıp, otıra qaldım. Jas qalay bolsa, solay parlap baratır. Meńlimurat aǵa jıldam janıma keldi de, qoltıǵımnan kóterdi.

— Ne qıldı, inim?

— Serppe duzaqtı basıp alıppan, — dedim.

— Duzaǵı qáne? — dedi ol bir nársege qızıqsınǵanday.

Men kózimdi bir qolım menen basıp turıp jańaǵı shertilgen jıńǵıldıń basınan salbırap turǵan shıjımdı kórsettim.

— Mine!

Ol burın duzaqtı kórmegen bolsa kerek. Qolına uslap jıńǵıldıń basındaǵı túyindi tartıp kórdi. Men oǵan uslatpastan túyinshikti ózime tarttım. Sóyttim de, duzaq baylawlı turǵan



www.ziyouz.com kutubxonasi



jıńǵıldı kózimnen úsh ret aynaldırıp, úsh ret «túp», «túp» dedim de, Meńlimurat aǵaǵa qaytıp berdim.

— Bul ne qılǵanıń? — dedi ol túsinbey.

— Zıyanlı shóppe, dep atırman-aw, — dep jalbıraqlaǵan boldım.

— Zıyanlı shóp bolǵanda ne qıladı? — dedi ol jáne.

— Múmkin kózime aq salar, — dep alaqanım menen kózimdi uwqalay basladım. Ol maǵan jaqınlap keldi. Kózimdi qolı menen ashıp, úńilip kórdi de, «sırtına tiyipti, hesh nárse qılmaydı. Biraq shópti zıyanlı boladı dep, onı kózlerińnen aylandırıp júrgende, bir búrshiktiń girti kózińe túsip ketse, áne sonda jaman boladı ǵoy» dedi. Men ne derimdi bilmey úndemesten biyday ańızına tarttım. Biyday qambanıń basında



www.ziyouz.com kutubxonasi

shoqlanısıp otırǵan úsh-tórt bala uzaqtan-aq kórindi. Eger, olar bizlerdi kórse, qashıp ketiwi de múmkin edi. Sonı bilgendey Meńlimurat aǵa bir aqıl taptı:

— Sen olardı usı káraǵa shaqırıp keleseń, be? — dedi maǵan.

— «Meńlimurat aǵa shaqırıp atır» deyin be? — degenimde:

— Awa, muǵallim demey-aq qoy. Bálkim, kelmey qalar dedi ol maǵan.

Kelsem Aytmurat, Sayıp, Qunnazar hámmesi otır eken. Meni kórip, ádep úrpeyisip tursa da, soń quwanısıp qaldı. Tap men olardıń bazardan kelgen ákesindey, ján-jaǵımnan qorshap atır.

— Muǵallim ketti me? — dedi bári birden.

Ne derimdi bilmey oylanıp turǵanımda taǵı birewleri ústi-ústine soraw jawdırdı:

— Seni oqıwǵa áketti dep edi, qalay qutıldıń?

— Urdı ma?

— Qashıp keldiń be?

— Dúysen molladan qalay?

— Toqtań! — dedim men olardıń sorawlarınıń qaysısına juwap bererimdi bilmey. — Birimlep sorańlar!

Dawısım qattı shıqtı ma deymen. Onıń ústine birimiz-birimizge qanıqpız ǵoy. Tártip talap etiwdi úyrengenimdi sezgendey;

— Bunday etip sóylewdi qaydan úyrendiń? — dedi Qunnazar.

Olardıń aldında ótirik ayta qoyıwǵa betim shıdamadı. Ne de bolsa shınnan kelgendi maqul kórdim. Sóyttim de otırıp alıp, olarǵa úyge muǵallimniń kelgenin, jasırınǵanımdı, onnan tawıp alǵanınan baslap qaldırmay sóylep berdim. Muǵallimniń atımdı jazıp alıp, «qaraǵım, erteń oqıwǵa bar» degenin de ayttım.



www.ziyouz.com kutubxonasi



— «Qarağım» dep maylı til menen baplaydı ğoy, — dedi Sayıp sózimniń aqırın aytıp bolğansha asığıp, ol onıń ústine, meni qashıp kelgen shığar dep oylağan da bolıwı itimal.

— Joq sabamadı, — dedim men isenimli túrde. — Erteńine azan menen halqas ta jemey mektepke asıqtım. Halqas ta mektepte, bizler ushın tayın eken.

— Qanday halqas? — dedi Sayıp.

— Máshaba!

— Oohoo! — dedi jáne Sayıp.

— Sóytip sarı máshabağa hámme balalar toyınıp alğan soń oqıwğa kiristik.

— Haw, tamaq bere me ele? — dedi Qunnazar sózimdi bólip. Biraq, bunı tek Qunnazar sorağan menen basqalardıń da kelbetinde usı sorawdıń turğanın ańladım.

— Tamaq bergenin aytpa! Mınaday qızıq kórdim, — dedim ján-jağıma qarap.

Bul waqıtta kún ádewir awıp edi. Aspanda bult ta joq. Biraq balalardıń ústilerindegi kiygen gúmpeyleri qalıń, onıń ústine aynala qamıs bolğanlıqtan samal kelmeytuğın jer edi. Hámmesi qapırıqta terlep otır. Men kóyleksheń edim. Onsha ıssılap baratırğanım joq. Aspanğa qarağan kisi qusap, Meńlimurat ağa otırğan tárepke kóz tasladım. Ol bir nárseni maqullağanday mağan basın iyzedi. Biraq, balalardıń hesh qaysısı da onı kóre almadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Qanday qızıq? Aytshı jora, — dep Sayıp kútá qızıqsındı. Men olarǵa muǵallimniń meni qalay juwındırǵanın, betqolıma ózi suw quyǵanın qaldırmay ayta berdim.

— Haw, haw! Ele ol seniń qolıńa da suw quyıp júr me? — dedi Aymurat. Men olardı bul aytqanlarıma inanbas degen pikirge keldim. Kóbasa ant etpeytuǵın edim. Eger kútá inanbastay biraq shın áńgimelerdi aytsam, ant etetuǵın ádetim bar edi. Balalar sonda ǵana aytqanıma isenedi. Usı saparı da olardı isenbes dep oyladım da:

— Olla suw quydı, hátteki ózi menen shay ishkizdi, tórinde otırǵızdı, — dedim ústi-ústine sózime pát endirip. Onnan soń boyrada otırıp, bir-eki kún oqıǵanımızdı, sońınan skameykalar ákelingenin, qullası muǵallim kelgeli qanday jańalıq kórsem bárin sóylep berdim.

— Atı kim eken?

Men maqtanıshlıraq sezim menen muǵallimniń atın ayttım.

— Meńlimurat aǵa! Muǵallim desek te boladı.

— Sóytip ol urǵan joq pa? — dep Sayıp taǵı ejelep soradı.

— Seniń qulaǵıń pitip qalǵan joq pa? Ayttım ǵoy, urmaq túwe basıńnan sıypalaydı.

— Onda bizler nege qashıp júrmiz? — dedi Sayıp.

Balalar bir-birine, hayran qalısıp qarastı da, bul sorawlarǵa juwap taba almadı.

— Házir sol muǵallim kelgende ózin kórip, isener edik, — dedi Qunnazar ornınan ushıp turdı da.

— Kórgińiz kelse awılǵa qaytasız ba? — dep jáne birewi sekirip turdı.

— Onda kórseteyin, — dedim men kúlip. Olar meniń sózime isenbedi. Sayıptıń:

— Muǵallim toǵayǵa ólmey keledi, — degeni janıma batıp:

— Ol Meńlimurat aǵa ǵoy! Ólmey keledi degeniń ne? — dedim ashıwlanıp. Sayıp meni dárriw kemsitip sóyledi:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Turdımurat, sen muǵallimdi qorǵashalay qaldıń ǵoy. Kelmeydi degen soń kelmeydi.

— Júriń onda, — dedim men olarǵa. — Házir muǵallimdi kórsetemen.

Olar meniń sózime isenerin de, isenbesin de bilmedi.

— Ótirik bolsa, júndey tútemiz, — dep Qunnazar izime ergeni de sol, basqalar da orınlarınan turdı. Abaylap qarasam, qamıslıqtıń arasınan Meńlimurat aǵanıń ózi de kiyatır eken.

— Áne, Meńlimurat aǵanıń ózi, — dedim qolımdı shoshaytıp. Bári meniń qolımnıń ushına qarap, Meńlimurat aǵanı kórdi de:

— Usı muǵallim be? — dedi jaqtırmaǵan kisidey. Sonıń arasında Meńlimurat aǵanıń ózi jaqınlap «Sálem, balalar» — dedi kúlki aralas dawıs penen. Balalar onıń sálemin esitpegendey, ózleri «Assalawma áleykum» di ústi-ústine dóndirip, muǵallimniń sozǵan oń qolınıń alaqanına ózleriniń qos alaqanların jabıstırıp, men dáslep qalay qol alısqan bolsam, olar da solay Meńlimurat aǵa menen qol alıstı...

## 6-BÓLIM

Awıldaǵı adamlardıń gúyzeliske túskenine ádewir waqıt boldı. Úp-úlken adamlardıń ele kelise almay júrgenligi meni hayran qaldıratuǵın edi. Sebebi, olar úlken kisiler ǵoy, nege kelispeydi. Báriniń de áńgimesi awıl xojalıǵı, TOZ. Birew awıl xojalıǵı tuwralı áńgime qozǵasa, birewleri hayalları tuwralı áńgime etedi. Túbinde bir qıylı emes. Men esitken áńgimelerdiń hárqaysısı hár túrli. Bir jola Meńlimurat aǵa bizlerge bılay degen edi:

— Balalar, sizlerdiń ata-analarıńız házir awıl xojalıǵına kirip atır. Biraq, qolınan «ǵarbızı túsken» bazı adamlar biraz qarsılıqlar kórsetpekte. Abaylı bolıńlar. Házir jańasha



www.ziyouz.com kutubxonasi

jámiyetke ótiw dáwiri. Kóp túsinbewshilikler bolıwı múmkin. Nendey nadurıslıq sezseńiz aytıńlar, — dep jáne biraz ápsanalar aytıp berdi. Ápsanalarında jaqsı niyettegi adamlardıń bir-birin durıs túsinbewleri nátiyjesinde óz ara tóbelesleri, hátteki, bir-birin ayamay jamanlaytuğınlar, qamatatuğınlar haqqında edi. Men de, ózimshe, kisini sırtınan jamanlaw qáte, pák niyetlilerdi túsiniwim kerek, dep oylap qoydım.

Eger adamlardıń bir-birine qarsı ótirik-óseklerin esitsem, muğallimge aytıp turayın, ol mağan aqıllı keńes berer degen qıyalda ózimdi toqtattım.

Solay etip, muğallim ushın tıńshıl bolğım keldi. Bunıńda aqıbeti men ushın jaman boldı. Bir jola ağam menen bir qońsımızdıń sóylesip otırğanına qulaq salaman, dep anamnan burın esitpegen sózlerimdi esitip, ağamnan kórmegen aqıretimdi kórdim. Hátte usı waqıtqa shekem hesh nárse demegen ákem, men Meńlimurat ağanı ertip toğayğa aparıp balalardıń jasırıngan jerlerin kórsetkenim ushın ağamnıń aldında qaytadan günákar boldım. Onıń ústine meniń menen jas Gúlay degen qızı bar Seralı degen qońsımızdıń ağama kelip, jánjel kótergeni de ağama qamshı boldı. Ásirese, sol qońsınıń mınaw sózleri ağama da, mağan da battı:

— Mátmurat, balańa kúshiń jetpese, áke bolıp ne qılasań?! — dedi ol gijinip. Bunnan keyin ağam kútá qáhárlenip, erteńine meni oqıwğa jibermey-aq qoydı. Kete bereyin desem kitaplarımdı da jasırıp taslağan. Jalınıp atırman... Tap túske deyin jalındım. Biraq jibermedi. Ağamnıń bir jaqsı jeri-ómirim tuwıp shekeme bir shappat urğan emes edi. Bir islegen isim jaqpay qalsa, ya meniń menen xabarlaspaydı, ya mağan kerek nárseni jasırıp taslaydı. Búgin de qasaqana sonısın islep otır. Men qayta-qayta dalağa shığıp, quyashqa qaray berdim. Esheyinde ásten jılısatuğın quyash búgin kútá tezlik penen túslikke de tas tóbege kóterilip, hátte batısqa



www.ziyouz.com kutubxonasi

qaray awıp ketti. Endi ne qılayın, qarap otıra almadım. Eger de birew kórse oqıwdan sebepsiz qalıptı degen attı almayın dedim de, buzawǵa ot orǵan bolıw ushın keregege qıstırıwlı turǵan oraqtı aldım da dalaǵa shıqtım. Qarasam, Meńlimurat aǵanıń ózi kiyatır.

— Turdımurat, assalawma-áleykum, — dedi ol jaqınlap.

Onıń birinshi bolıp sálem bergenine qısındım da, biraq dawısında onsha ashıw sezbedim. Meniń bolsa ayıbım dál kózge kórinip tur. Aldında sóyley almay, basım da tómen salbırap ketti.

— Ne qılıp atırsań? — dep soradı jáne.

— Úydi baǵıp qaldım, — dedim. — Endi buzawǵa...

Basqa dáliylim de joq edi. Bar bolǵanda da awzıma túse qoymadı.

— Bunıń dáliyl emes ǵoy, — dedi ol kúlimlep.

Meńlimurat aǵanı qalay isendiriwge boladı?! Basımdı qasıp oylana basladım. Mende qanday da bir sırdıń barın bildi me:

— Oqıwǵa barmaǵanıńdı aǵań bile me? — dep soradı.

— Biledi, — dep juwap bersem de awzımdı qalay basqanımdı ańlamay qalıppan. Meńlimurat aǵaǵa qarasam, ǵázeplenińkiregen pishinde tur eken.

— Házir ata-anań menen sóylesip kóremiz, — dedi ol. Sonıń arasında apamnıń ózi kiyatır eken. Meńlimurat aǵanı kórdi de, tońqıldana berdi:

— Shıraǵım, jurttıń qashqan balaların biziń Turdımuratqa taptırıp, óziń jaqsı atlı bolıp qala bergeniń ne qılǵanıń? Al bizlerdi bolsa duyım jurt qustanı qılıp júr...

— Qoy, apa! — dedim men Meńlimurat aǵanıń arına shawıp. Sebebi, apam maǵan hesh waqıtta búytip ashıwlanbaǵan edi. Onıń búgin men ushın muǵallimdi ayıplawı sál bolsa da ashıwımdı qozdırdı. Arım keldi. Biraq, Meńlimurat aǵa maǵan taǵı da:



www.ziyouz.com kutubxonasi



— Haw, Turdımurat, adam anasına sóydey me eken? Sen perzentseń, ol ana! Ne bolsa da anań mağan aytıp atır, — dedi Meńlimurat ağa. Muğallim mağan bul sózdi qanday astar menen aytqanın bilmeymen. Dawısın biraz kúsheytip kiyatırğan apam otqa suw quyğanday basıla qoydı.

— Muğallim, — dedi ol Meńlimurat ağanıń janına kelip, sóytti de meni qolı menen nusqadı.

— Usını dúzesh, shırağım. Bazda usınday ádeti bar.

— Apa, qapa bolmańız. Turdımurat úlkeye kele kútá aqıllı, zor jigit bolıp qáliplesedi, — dedi ol. Bul sózge tóbem kókke jetkendey quwandım. Apam Meńlimurat ağanıń qulağına bir nárselerdi sıbırlay basladı. Ne aytqanın esitpedim.

— Túsinemen, apa, túsinemen. Ele ondaylardıń bári de ókinedi. Turdımurattı jaqsı kórip, alğıs aytatuğın boladı...

Biziń apamdı birew sál maqtańqırap ya ığına jığılıńqırap sóylese, bolğanı qolındağı iship otırğan asın da onnan ayamaytuğın ádeti bar edi. Kóp áńgimeniń basına toqtamastan:

— Turdımuratjandı ertip kete ber. Ağasına ózim aytaman, — dedi. Apam ruqsat bergen soń mağan ne turıs. Sonnan Meńlimurat ağa ekewimiz Turdıbaydikine keldik. Esigi ashıq. Basqa adam joq.

— Túrgel Turdıbay, — dedim men onıń basın shayqap.

— Qayaqqa? — dep manawsıradı Turdıbay.

— Ne qılasań qayaqqa ekenin? Bol, — dep asıqtırdım.

Meniń buyrığımdı esitiwden Turdıbay kiyimlerin izley basladı. Demniń arasında kiyinip te boldı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Bolsesh, — dep tağı asıqtırdım.

Meńlimurat ağa:

— Asıqtırma, bolsın, — dedi de dalağa shığıp ketti.

Turdıbaydı túygishlep-túygishlep kiyindirip, dalağa shığardım. Meńlimurat ağanıń maqseti búgin oqıwğa barmay qalğan balalardıń hámmesin jıynap mektepke aparıw eken. Ekewimizdi ertip alıp Gúlaydıń úyine qaray ketti. Gúlaydıń apası meni kóriwden-aq awzı gójedey qaynap tońqılday basladı;

— Áy, Turdımurat, oqısań óziń oqı, bolmasa, nege jónińe júrmeyseń, júwernemek, — dedi qızın tap men oqıtıp júrgendey. Men úndey almadım. Meńlimurat ağa kempirdiń qasına jaqınlańqırap bardı da;

— Sheshe, qızıńızdı Turdımurat emes, men izlep kiyatırman, — dedi nıqlap ğana. Bunnan soń kempir sóyley almay tığılıp qaldı. Bulmanda da kóp irkilmesten Gúlay úshewimizdi ertip Meńlimurat ağa mektepke qaray jol basladı. Sóytip, búgingi isime uyaldım da, heshkimge bildirmey astıńğı ernimdi tislep aldım. Anamnıń da zeynine tiyip gúnalı bolğanım ushın klassqa kelgen soń terlep kettim.

Muğallim heshkimge eskertiw qılmay, úshewimizge kúndelikli sabağın basladı.

## 7-BÓLIM

Waqıt óte berdi. Klasımızdağı balalardıń da sanı kúnnen kúnge kóbeyip kiyatır. Bizler menen aralasıp qızlar da oqıytuğın boldı. Heshkim Dúysen mollanı awzına almaydı. Sebebi, ol bizlerge namaz oqıwdan, namazdıń sózlerin yadlawdan basqa heshteńe úyretpeytuğın edi. Klassta onnan qorıqqanımız ushın tınısh otıratuğın edik. Bir bala aljasıp qalsa da, shıbığı menen bir uratuğın edi. Endi bolsa oğan qatnağandı hámme qoydı. Biraq, meniń apam jaqınğa shekem mağan kóp eskertpeler qıldı. Sonda da Dúysen



www.ziyouz.com kutubxonasi

mollanı jamanlamadım da, sabağına da barğanım joq. Al, taza muğallim basqasha. Ol molladay qızlardı, balalardı bólmeydi. Qızlar menen qosılıp oqıw áwelinde hámmemizdi de ájeplendirdi. Sebebi, qızlar menen otırsań, olar girttay kemshiligiń bolsa mineydi eken. Buğan da úyrendik. Haqıyqatın alğanda, olardıń kózinshe sılbırańqırap júrgendi ózlerimiz de jaqsı kórmeymiz. Meńlimurat ağa dáslepki kúnleri bizlerdi sabaqtan soń alıp qalıp, kúnde tártip jóninde bir saattay áńgimelesetuğın edi. Sońğı waqıtta onday áńgimelesiw háptesine bir retke aynaldı.

Azanda halqas beriw de toqtağan joq. Hámme usığan qızığa ma, bilmeymen, azan menen tamaq ishpesten kelemiz. Qızlardıń birazı er balalar menen aralasıp otırsa da, halqaslanbaydı. Aldına qoyğan qırmaların qasındağı balalarğa ısıratuğın edi. Bunı bir kúnleri Meńlimurat ağanıń ózi sezdi.

— Qızlar nege tamaq ishpeysiz? — dedi ol bir kúni halqas payıtında aramızğa kelip. Bizler hesh nárseni eskermey úylerinen azanda toyıp kelgen shığar deytuğın edik. Qaytama, qızlar tamaqların bizlerdiń qırmamızğa quysa, hádden tıs quwanısamız. Meńlimurat ağanıń aytqan sózlerinen keyin qızlar uyalısıp qaldı. Awızların alaqanları menen bastırıp, bir-birine kóz astılarınan jımıyısıp qarasadı. Bunıń sebebin bizler túsine almay hayranbız. Olar bolsa, juwap bermeydi.

— Meńlimurat ağa, — dedi Sayıp qasında otırğan Gúlaydıń mashaba tolı tabağın kórsetip. — Kúndiz ishpeydi. Sebebi, Gúlay oraza tutıp júr.

Usı kúnleri hámme kempir-ğarrılar oraza edi. Biziń apam da, ağam da oraza. Geyde sárlik ishkende oyanıp qala qoysam, apam mağan da ishkize sala «endi, eń bolmasa, ağańnıń yamasa meniń payım ushın bir kún oraza tutpasań bolmaydı» dep eskertetuğın edi. Soğan qarap Sayıptıń aytqanı durıs shığar dep oyladım. Sebebi, ol sózsiz biledi. Gúlay me-



www.ziyouz.com kutubxonasi



nen qońsı. Biraq, Gúlay oǵan kóz astınan alarıp bir qaradı da, taǵı basın tómen alıw menen otıra berdi.

Meńlimurat aǵa bul waqıtta heshkimge hesh nárse degen joq. Tamaǵın ishkenler ishti, ishpegenlerdiń tabaqların «meshkey» balalar qashshan-aq bosatıp berdi.

— Balalar, — dedi Meńlimurat aǵa klassqa kirgennen keyin. — Bizler onıń sóz baslawınan-aq sabaqtı birden baslamaytuǵının túsindik. Óytkeni, ol birden qolına por alıp, dárriw háriplerdiń elementlerin qara taxtaǵa jaza baslaytuǵın edi. Yamasa birewdi ornınan turǵızıp, keshe bergen tapsırmasın soraytuǵın edi. Nabada bir jańalıq haqqında sóyleytuǵın bolsa, sabaqtan keyin irkip qalatuǵın edi. Bul saparı onıń nelikten de dawısı burınǵıday bolmadı.

— Oraza tutıw, — dep ol azǵana irkilip turdı da, oraza jóninde sóylep ketti. Onıń qaydan kelip shıqqanın, jas balalardıń densawlıǵına zıyan ekenin aytıp bolǵansha shıbıjıńlap zordan otırǵan Qunnazar ushıp-aq turdı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Biziń apam «9 jasımnan berli jılda oraza tutaman» deydi. Biraq, hesh jeri awırmaǵan. «Densawlıǵım attay» dep maqtanıp otıradı ǵoy bárhá.

— Densawlıǵı attay degenge isenbeymen. Anaw kúni úyińe barǵanda, bileseń be, qanday bolǵanın, — dep Meńlimurat aǵa onı qaytarıp qoydı. Bunnan soń oraza haqqında áńgime bolǵan joq.

* * *

Klasımız kem-kemnen sánlenip baratır. Diywallar sızıqsız qaǵazday appaq. Skameykalar da jetkilikli. Páslew birewinde dizilisip otırsaq, biyiklew birewi aldımızda turadı. Soǵan kitaplar ya dápterlerimizdi, qálemlerimizdi qoyamız. Meńlimurat aǵa ortadan arman-berman aralap júrip, dápterlerimizdi tekseredi. Biraqta skameykalar uzın bolǵanlıqtan ol kisi bergi basınan baslasa, arǵı shetimizden bir-aq shıǵadı.

Usı háptenіń ishinde jáne bir ózgeris payda boldı. Yaǵnıy kúnde tórt saat oqıytuǵın bolsaq, endi bir saat tárbiya saatı degen shıqtı. Raspisaniye de jazıwlı turadı. Usı kúni kiyimiń ılas, qolıń sıya, yamasa kitaplarıń jırtılıp, bir jeriń kir bolıp kórsinshi! Meńlimurat aǵa kópshiliktiń aldında qısındırıp taslaydı. Geyde ótmishten gápler qozǵar. Maman biy, Aydos baba, Ernazar Alakóz degen xalqımız batırları, bolmasa ertekler, ápsanalar aytıp beredi. Usınday áńgimeler aytsa, sonday tıńlaymız, bazda tap sol hádiyseniń ishinde ózlerimiz turǵanday bolıp kórinedi.

Bir saparı mınaday áńgime aytıp berdi. 1919-jılı jergilikli xalıqtıń arasınan shıqqanlar menen «Qızıllar» qatań gúres júrgizip atırǵan kúnlerde Kibray degen awıldan bizler sıyaqlı kóp balalar «Qızıllar»ǵa qarsı kóterilgenlerge járdem beriwdi shólkemlestirgen. Olardıń basshısı 13 jasar Ánwar



www.ziyouz.com kutubxonasi

Pirmuxammedov degen bala eken. Ol heshteńeden qorqpay gileń ózindey balalardı shólkemlestirip, qızıllarǵa qarsı urısıp atırǵan áskerlerdiń keyninen oq-dári aparıp beredi eken.

Bir jola olardıń tárepdarları ádewir-aq shıǵınǵa ushırap, kóp adamlar jaradar bolǵan. Sonda Ánwar jaradarlarǵa járdem beriw ushın sanitarlarǵa qosılıp, óziniń joldas balaları menen jaradarlarǵa dári-dármaq aparıp bergen. Usı jerde dushpanlar onı kórip atıp taslaptı. Bul tuwralı mine mınaw gazetada jazılǵan, dep gónetoz bir gazetanı ashıp oqıp berdi... «Sizler bunı bilip qoyǵanıńız jón, usındaylardı esitip, bilip, oqıp, ózlerińizdi dúzetesiz» dep juwmaqladı áńgimesin...

«Mine Ánwar da 13 jasar. Men de 13 temen, meniń birewge keltirgen ya paydam, ya zınayım joq» dep ózimshe usı áńgimeler tuwralı biraz kún oylanıp ta júrdim. «Eger Ánwardıń ornında bolǵanda, bálkim men de solay islermedim, yamasa qızıllarǵa járdem etermedim?» — dep qıyalımnan kóp ret ótkerdim.

Mine búgin de tárbiya sabaǵı ótkerileyin dep atır. Meńlimurat aǵa birden hesh nárse baslamadı. Hámmemizdi kóz benen sholıp ótti de, burınǵı ádetinshe:

— Balalar, — dedi bizlerge qarap. — Qay jerde temir tártip bolsa, sol jerde kúshli uyım boladı. Awızbirshilikli uyımdı heshbir jaw jeńe almaydı. «Altaw ala bolsa awzındaǵını aldırar, tórtew túwel bolsa, tóbedegini túsirer» dep ata-babalarımız natuwrı aytpaǵan. Sonıń ushın da sizler awızbirshilikli bolıńlar...

Meńlimurat aǵa bazı bir waqıtları shiyelenisken uzaq áńgimeni aytqanda, aldına kitap jayıp qoyǵanı bolmasa, kóbisin yadtan sóylep beretuǵın edi. Búgin de kóp oylanıp turmastan bir áńgimeni yadtan sóyledi. Sondaǵı aytqanı bir topar Qızıllardıń qalay tutqınǵa túskeni tuwralı edi...

Aqlar menen qızıllardıń ǵajja-ǵaj urısı qıs aylarınıń qatal suwıǵına qaramastan Moskvaǵa jaqın jerde bolıp atırǵanda,



www.ziyouz.com kutubxonasi

bir topar qızıllardıń komandirine oq tiyip ólgen. Aqlar bolsa, alǵa basıp kiyatırǵan. Komandir ólgen soń tártip boyınsha tez komandir saylanıwı tiyis eken. Aynaldırǵan 8 — 9 adamnıń arasında awızalashılıq payda bolıp, biriniń aytqanın ekinshisi tıńlamaptı. Birewi «alǵa» dese, ekinshisi «artqa» dep óz ara kelise almay, dushpanǵa qarsı kúsh toplap hújim jasay almay, qolǵa túsipti...

Meńlimurat aǵa bizlerge hár qıylı baǵdarda sóylep, aytqanlarına berilip tıńlap, solardan órnek alıwǵa, ózinshe juwmaq shıǵarıwǵa keńes beretuǵın edi. Onıń ne ushın usınday áńgimelerdi kóbirek ayta beretuǵınına tańlanıp kórgenimiz joq. Ózi de qızıq sóyleydi. Awızımızdı ashıp qata qalamız. Sońınan dáslepki sóylep bergen waqıyasına baylanıstırıp, bizlerdiń ya oqıwımız, ya tártibimiz jóninde aytatuǵın edi. Búgin ol bizlerdiń awızbirshiligimizge toqtadı:

— Sizlerdiń da awzıńız ala. Sonıń ushın da birewlerińiz sabaqtan tómen bolsańız, ekinshi birewlerińiz patas júresizler. Bir-biríńizdiń kemshiligińizdi aytpaysızlar.

— Onı sizge aytamız ba? — dedi Turdıbay.

Men Turdıbaydıń háreketine shamalı tańlanayın dedim. Bayaǵı ashıwdan keyin ol biraz dúzlesipti. Muǵallim oǵan qarsı qanday gáp aytsa da, qashıp ketkendey túri joq.

— Bárha maǵan ayta beriw dárkar emes, — dedi Meńlimurat aǵa.

— Onda kimge aytamız?

— Sizler arańızdan klaskom hám tazalıq komissiya saylap alıwıńız kerek. Mine solarǵa aytasız. Solar orınlamasa, maǵan aytasız.

Balalardıń arasında sıbırlı payda boldı. Jaqında ǵana bir márte klaskom saylaw jóninde óz ara kelise almaǵan edik.

Birewler Turdıbaydı, birewler Sayıptı, úshinshileri taǵı birewdi usındı. Meńlimurat aǵa sol saparı bizlerdi sınayın dedi



www.ziyouz.com kutubxonasi

me, úndegen joq. Solay etip, saylanbay-aq qaldı. «Búgin de bizlerdi sınap otır ǵoy, shaması» degen qıyalǵa berilsem de:

— Onda klaskom menen tazalıq saylayıq, — degenimdi bilmey-aq qaldım. Meńlimurat aǵa ruqsat bergen menen de, bayaǵıday tartıs jáne baslandı. Muǵallim mıyıǵın tartıp, kim sóylese de toqtatpastan, aqırın kútip otır. Óz ara dawlasıp atırmız. Birimizdi-birimiz jaqtırmaymız. Rasın aytqanda, klaskom bolǵandı men de ishimnen jek kórip turǵanım joq.

— Boldıńız ba? — dedi Meńlimurat aǵa biraz kegirdek sozıspadan soń. — Endi qarsılıq etpeseńiz, kimdi saylaytuǵınıńız jóninde men pikir aytayın.

Muǵallimge qarsı turıp jinlimiz be? Kim batır eken qarsı turıp ta kórsinshi! Biraq, men, «ózi muǵallim taǵı da úlken jigit, jáne bizler menen oylasadı, ruqsat soraydı, bul qalay?» dep oyladım. Sonıń arasında birew, gáp liykini soǵan qarap qalǵanday:

— Aytıń, Meńlimurat aǵa? — dedi birden. Onıń izin ala basqa balalar da «aytıń, Meńlimurat aǵa» dep jabırlastı.

Shuwıldasqan dawıslar izli-izinen kóterilip baratırǵanda Meńlimurat aǵa ornınan turıp, bir qolın kóterdi. Bizler jımjırt boldıq.

— Sizlerdiń tartısıńız kútá orınlı, — dep kúldi ol. Biraq hesh nárse sheshe almay atırsız. Menińshe, tazalıq komissiyasınıń baslıǵı etip Gúlaydı saylayıq.

Balalar taǵı shuw ete qaldı:

— Gúlay kimnen artıq?!

— Tınısh! — dedi Meńlimurat aǵa dawısın sozıp. — Jańa sizler menen kelisip aldıq. Maǵan kimdi usınsam da erk berdińiz. Ekinshi, klaskom bolıp Turdımurat saylansın! Meniń atımdı aytqanda, ornımnan ushıp kete jazladım. Quwanǵanımnan qáddimdi jazıp, tiklenińkirep otırdım. Qasımda otırǵan Qunnazar meniń klaskom bolǵanımdı



www.ziyouz.com kutubxonasi



qızǵandı ma, yamasa ornımnan turıp ózim ayıp isledim be, iynimnen tartıp jiberdi;

— Áy, sen murnıńdı kóterme!

Qunnazardan basqa heshkim qarsılıq kórsetpegen sıyaqlı boldı. Gúlay tuwralı da endi heshkim hesh nárse demedi.

Balalardı qaytarıp jibergennen keyin Meńlimurat aǵa bizler Gúlay ekewimizdi alıp qaldı. Isleytuǵın islerimizdi, wazıypalarımızdı túsindirdi. Men onıń hárbir sózin dıqqat penen tıńlap otırman. Al, Gúlay bolsa, uyańlaw, tek basın iyzegeni bolmasa onsha sóyley bermeydi. Hámel alǵanına da





www.ziyouz.com kutubxonasi

onsha quwanıshlı emes sıyaqlı. Biraq, usı iske qayıl tárizli bolıp kórindi mağan.

— Gúlay, Turdımurat, áwele ózleriñiz tártipli bolıwdı umıtpañlar! — dedi Meñlimurat ağa bizler shığıp baratırğanda.

## 8-BÓLIM

Bul kúnleri awılda adamlar «awıl xojalığına ótemiz» dep hálek bolıp júr edi. Bazda jıynalısqa da qatnasaman. Meñlimurat ağa tek bizler menen bánt pe eken desem, úlken adamlardıñ arasında da shığıp sóyleydi eken. Meniñ ağam bolsa, Meñlimurat ağanı asa jek kórmeytuğın da edi. Jıynalısta shığıp sóylep, awıl xojalığına qarsılar tuwralı kóp áñgimeler aytatuğın edi. Meñlimurat ağa onıñ bul áñgimesin kútá zeyin salıp maqullaytuğın edi. «Ağamdı jaqsı kórgeni ushın meni de jaqsı kóredi-aw» dep oylayman. Sebebi, mine, klaskom boldım. Úyge kelip apama aytayın desem, «maqtanbay-aq qoyayın» dep otır edim. Bir waqıtta ağam kirip keldi. Ol bir nársege ashıwlanıp kelse shırayında qan qalmaytuğın edi. Dárriw apama urısadı, joq jerden jánjel shığaradı. Men de jas emespen ğoy, aqırı. Bir jaqtan kelsem, ekewiniñ kelbetine qarap kelemen. Birewi mennen soñ kelse, dárriw betine tigilemen. Ağam bul kelisinde jıynalıstan kelgen edi. Betinde qanday da bir quwanısh bar. Ashıw degenniñ izi de joq. Tegeran bir nárse aytsañ bolğanı, azanğı gúldey jarq etip, kúlip jibereyin dep murtı jıbırlasıp tur.



— Ağa, — dedim men moynınan qushaqlay sala. — Men klaskom boldım.

— Klaskom degen ne? — dedi ol mañlayımnan súyip.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Klass komiteti. Yaǵnıy, birge oqıytuǵın balalardıń baslıǵıman.

— Balam, — dedi aǵam basımnan sıypalap. Sóytti de meni qol ushına kóterdi. — Qudayım, ekewimizdiń de baxıtlı bolǵanımız bolǵay. Óldik ǵoy jeti babamızdan beri hámel qolımızǵa tiymey. Men de búgin onlıq bolıp saylandım.

Aǵam meni jerge túsirdi. Tórge barıp mardıyıp otırdı. Men de úlken kisidey qaptalına bardım. Anam bolsa, qazan-tabaq penen gúrmelip, aǵama shay qaynatayın dep otır edi. Ekewimizdiń de tórge shıqqanımızǵa ashıwlandı ma deymen, eń bolmasa men barıp kómeklessem boladı ǵoy. Qasaqana qasımızǵa keldi de:

— Maǵan hámel joq pa eken? — dep otırıp aldı. Ot janıp atır. Onı ısıratuǵın da adam joq. Oylanıp otırsam, úshewimizdiń ekewimizde hámel bar. Apamnıń hámelsiz bolǵanına qıynaldım. Biraq, aǵam ójetlesip otır. Apam da ornınan qıymıldap jawırının quwjıńlattı da teris qarap otırdı.

— Kempir, — dedi aǵam, apama qarap quwanıshlı dawıs penen. — Otıńdı jaǵa ber, saǵan hámel qayda?

Men de oylanıp otırman. Apam aǵam ekewimizdiń mazamızdı alatuǵın edi. Bir kúni «kiyimiń kir» deydi. Bir kúni kiyimiń jırtılǵanǵa tońqıldaydı. Onıń usı ádetlerin eslep otırıp, bir nárse yadıma túsip ketti.

— Apa, — dedim-sen úydegi tazalıq komissiyasısań!

— Ol ne degeniń! — dep jekirindi apam.

— Haw, sen aqırı, bizlerdiń tazalıǵımızdı baqlaysań ǵoy. Eger oqıwǵa barǵanıńda Gúlaydıń ornına sen tazalıq komissiyası bolar ediń.

Meniń bul sózim apama kútá awır tiygen qusaydı.

— Sen sháńkildeme! — dedi de aǵama qaray burılıp sóyledi. — Sen óziń hámel alasań! Endi bárshe hámeldarlar qusap, maǵan ayaǵıńdı uwqalatpaqshımısań. Endi men úyde



www.ziyouz.com kutubxonasi

otırmayman, awıl xojalığına kiremen. Qáne, óziń ot jağıp, sıyır sawasań! Tamam!

Ağam sarı saqallı, uzın boylı adam. Ol basındağı sarı qoy terisinen qıstırğıshlı degeleyin qısı jazı taslamas edi. Ol malaqayın basıńqırap qoydı da, qoyıw qasların kerip, boyın tikledi. Sóylemekshi bolıp tamağın da qırındı. Sóytse de birden irkilip, keń mańlayına alaqanın tirep, tómen qaray tunjıradı da qaldı. Sol turqında ol uzaq waqıt úndemey, jer sızıw menen boldı. Jańaraqta ğana úydiń ishinde hesh jánjel joq edi. Mine, demniń arasında payda boldı. Bundayda ağam «biziń úyge shaytan aralastı» dep tońqıldap, ózi-aq anaw-mınaw nárseni bánelep túrgelip ketetuğın edi. Búgin olay bolmadı. Haqıyqatında usı jánjeldiń qaydan kelip shıqqanı jóninde men bilip otırman. Ol tek ğana mınadan: apam awıldıń jıynalısına baraman degende, ağam talay márte irkip qalğan edi. Burında da apam «awıl xojalığına kiremen» dep, bir-eki ret aytqan edi. Ağam hár saparı onıń tilin kesip alğanday etedi. Apama da qıyın, bálkim jıynalısqa bara qoysa, ol da aqılı menen bir hámelli bolar edi. Mеńlimurat ağa awıl jıynalıslarında sóylegende, úylerinde otırğan hayallardıń awıl xojalığına kiriwi jóninde biraz gápler aytatuğın edi. Meniń shamalawımsha, apam búgin durıs islep atır.

— Ağa — dedim onıń moynına jarmasıp. — Apam awıl xojalığına kireğoysın-dá?

Onnan juwap bolmadı. Apama da qarayman. Ayayman. Ekewi de sazırayıwı menen otır. Ot ta sónip qaldı. Men dalağa shığıp otın ákeleyin dep oqtalğanımdı apam túsinip gúpimniń peshinen uslap jibermedi. Onıń tek ağama qasarısıp otırğanı belgili. Al, ağam oshaqta janıp bolğan otındı oshaqqa qaray ısırıw ornına janbaslap jattı. Apam oğan óshegisip, ayaqların kósilip otıra berdi. Men ań-tańlıqta otırman. Ağam múlgiy basladı. Shamamsha ol kúshli oy ústinde. Men olarğa sóyleyin



www.ziyouz.com kutubxonasi

desem, jatqan jılannıń quyrığın basıp ekewiniń arasındağı jánjeldi gújitip alaman ba dep qorqtım.

Állen waqıtta ağam bir gúrsinip qoydı. Shep qolın kóterip meniń basımnan sıypaladı da:

— Meyli, Turdımurattıń aytqanı bolsın, — dep sónip qalğan oshaqqa jaqınlap otın ısırdı. Apam da endi kóp otırmastan, shıra jağıwğa qolaylastı.

## 9-BÓLIM

«Sársenbay kelipti» degen xabardı balalar mektepke ayta keldi. Onıń densawlığı jóninde ara-tura ákesinen sorasaq, ol hesh xabar aytpaytuğın edi. Búgingi xabar bárimizdi de quwanttı. Bul haqqında Meńlimurat ağağa aytıp edik. Sabaq pitkennen keyin ol bizlerdi jıynap alıp:

— Sársenbaydikine barayıq, — dedi. Men hayran boldım. Ózi námnağan muğallim. Al, awırğan balanıń úyine barıp densawlığın bilmekshi. Muğallimge qarsı ne aytayın. Balalardıń hámmesi de hesh nárse ayta alğan joq.

Meńlimurat ağa bas bolıp, toparlasıwımız benen Sársenbaydikine keldik. Sársenbaylardıń qara úyi bolatuğın edi. Biraq, ózleri men esimdi bilgeli basqa úylerden erekshe otıradı. Úyiniń úzik-túńligi de pútin bolğan soń, suwıq ádewir kúsheygenshe, qaqırasına kirmeydi. Házir de sol qara úyinde otırğan edi.

Bizler dalada qaldıq ta, Meńlimurat ağa ishke kirip ketti. Sársenbay joq eken. Onı muğallimniń dawısınan ańlap turmız. Óytkeni, úydegi ańgime demniń arasında-aq awıl xojalığı jónine aylanıp ketti.

— Shırağım, qartayğanda awıl xojalığına kimdi beremen, — deydi Dúysen molla, al, Sársenbaydıń oqıwı kerekligi haqqında bir awız da ańgime bolğan joq. Bizler buğan tańlanıp tur edik. Úydiń art betinen kiyatırğan Sársenbay



www.ziyouz.com kutubxonasi



kórindi. Juwırısıwımız benen birim-birim qushaqlasıp kórisip atırmız. Muǵallimniń Dúysen molla menen sóyleskenin tıńlawdı da umıtıp kettik. Sársenbay keselxanada jatırǵanda hár waqıt óz ara sóz etip «shırayı andızday sarǵayıp ketken shıǵar» dep oylaytuǵın edik. Ózin kórgennen soń bul oyımız biykarǵa shıqtı. Bayaǵı qara páreń arıq Sársenbay emes, eki beti shıjıqtay qızarıp semiripti. Tańlanǵanımızdı sezbedi me, hesh nársege itibar bermesten:

— Ne qılıp júripsizler? — dedi quwanıshlı túrde.

— Muǵallim menen seni kóriwge keldik, — dedim men.

— Keshe kele sala oqıwǵa barmaqshı edim. Aǵam jibermey qaldı, — dep Sársenbay muńlı pishinde tómen qaradı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Buǵan bizler de qapalanayın dedik. Sebebi, ákesi sonday qatal adam ǵoy!

— Sársenbaydı tawıpsız ǵoy?

Dawıs shıqqan jaqqa jalt burıldıq. Meńlimurat aǵa úyden shıǵıp kiyatır eken. Muǵallim birden atın aytqanǵa Sársenbay masayrap qaldı. Qapalanǵan túri demde-aq ózgerdi. Juwırıp bardı da Meńlimurat aǵa menen sálemlesti. Ol Sársenbaydıń basınan sıypalap ayaǵına, kelbetine, túr-túsine qarap atır. Sársenbaydıń burın óksheleri qap-qara, tirsekleri kir-kir bolıp júretuǵın edi. Keselxanadan keshe ǵana kelgen soń ba, ústinde girbiń kórinbeydi, tap-taza.

— Sársenbay keselxana qalay eken? Vrachlar qalay emledi? — dep Meńlimurat aǵa ústi-ústine soraw berdi de, onıń tulǵasın kózden jáne bir ret ótkerip, sholaq beshpentiniń iynindegi kirttay shańdı barmaqları menen shertip jiberdi.

Sársenbay keselxanada qalay emlengenin, doktorlardıń qalay etip pármana bolǵanlıǵın demde-aq jımıldap sóylep berdi. Onnan soń «muǵallim uradı» degen pikirdiń nadurıs ekenligin keselxanada jatırǵanda esitkenin de ayttı.

— Oqıwǵa barasań ba? — dep soradı Meńlimurat aǵa.

— Awa, baraman, — dep juwap bergeni de sol, Dúysen molla úyinen juwırıp shıqtı.

— Úyge kir, Sársenbay!

Sársenbay aramızdan suwırılıp, úyine kirip ketti.

— Meńlimurat aǵa, onıń aǵası da júdá qatal molla, — dep sıbırladım men. — Ózińiz sóylespeseńiz, aǵası onı uradı.

— He, sen Meńlimurat aǵadan aqıllımısań? — dedi Sayıp meniń sózimdi jaqtırmay.

Tas bolmasa abırayım ayranday tógilip edi. Sebebi, ózim klaskom bolaturıp balalarǵa betimnen aldırıwım jaramaydı ǵoy. Kózimdi alartıńqırap Sayıpqa qaraǵanım, Meńlimurat aǵa bet-álpetimde ne barın sezbey:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Turdımurat durıs aytadı. Aǵası menen ózim sóylesemen, — dedi.

Onnan keyin hesh nárse aytqan joq. Meńlimurat aǵa bizlerdiń kete beriwimizge ruqsat etip, ózi Sársenbaydıń keyninen úyine kirdi.

* * *

Sársenbay mektepke úsh kúnnen keyin keldi. Sol úsh kúnniń ishinde onıń shırayı solǵın tartayın depti. Bul hádiyse gúllán balalardı tańlandırdı.

— Nege azıp kettiń, jora? — dedim men basqalardan burın qayırqomlıq etip. Bunday etpewge bolmaydı ǵoy. Klaskom bolǵan soń, men hámmege qayırqom bolıwım tiyis. Neliktende Sársenbay ún qatpadı. Betinde qanday da bir ashıwdıń izi bilinip tur. Bizlerdiń Sársenbaydı ortaǵa alıp atırǵanımızdıń ústine Meńlimurat aǵa kelip, «Sársenbayǵa tiymeń» demegende, men barlıq bolǵan hádiyseni ózine sóyletpekshi edim. Mine, endi qanday da bir sırdıń jumbaq bolıp qalǵanı maǵan bir túrli túyildi.

... Sabaq baslanıp atır. Búgin «S» háribin ótip atırmız. Meniń oyım háripte emes, úsh kúnnen beri Sársenbay nege kelmedi? Muǵallimniń «tiymeń» degeni nesi? Usınday qıyalǵa berilip otırǵanımda, qasaqana Meńlimurat aǵanıń mennen sabaq sorap qalǵanın aytpaysań ba?

Ornımnan ushıp turdım da, doskanıń aldına bardım. Islegen qıymılım naqolay boldı ma, yamasa doskaǵa shaqırılǵanım joq pa edi, balalar duw kúlip jiberdi. Qısınǵanımnan jılap jibere jazladım. Bet-awzım da burıshtay qızarıp ketti me deymen, tırısıp baratır. Sóytse de kúlip otırǵanlarǵa, ásirese, kóbirek kúlgen Gúlayǵa abay etińkirep qarap edim.

— Klaskomnıń qolı kir, — dedi ol maǵan tiklenip.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«He, usıǵan kúlgen eken-aw» dep qolıma qarasam, kir joq. Búgin sıya dáwet ákele qoyıp edim, sonnan sıya tamǵan eken.

— Bul kir emes, sıya, — dedim men albıraǵanımnan. Balalar jáne kúlisti. Meńlimurat aǵa meniń albıraǵanımdı sezbedi me, yamasa «ayıbın moyınlaǵansha úndemeyin» dedi me, birese balalarǵa, birese maǵan qarap qatal túrde tur.

— Nege kúleseń? — dedim Sayıpqa.

— Tınısh, — dep salmaqlı túrde Meńlimurat aǵa maǵan qaradı.

Usı máhálde ózimniń orınsız sóylegenimdi sezdim de, tikke qatıp tınısh turdım.

— Qáne, búgin qanday hárip óttik?

Bul sorawdıń juwabı sabaq baslanǵan waqıtta esimde bar edi. Qápelimde miyimnen shıǵıp ketipti. Artıma qarayın desem, balalardan uyaldım. Táwekel, «Sársenbay» dep salıppan.





www.ziyouz.com kutubxonasi




— Durıs, — dedi Meńlimurat ağa meni maqullap. —Sársenbay degen de «S» háribinen baslanadı.

Birden esime tústi de quwanısh penen doskağa qarap onda jazılğan sózlerdiń barlığın oqıdım. «S» háribinen baslanbağanı joq. Men de por menen olardıń izine «Sársenbay» dep jazdım.

* * *

Mektepten shıqqanda ızğırıq samal esip tur eken. Geyparalarımızda gúmpey de joq. Jalğız beshpent penen kelgenbiz. Sársenbaydıń ústinde anaw kúngi, sholaq beshpenti emes. Góne jırtıq-jırtıq beshpent. Men ákesiniń onnan ne ushın kiyim ayaytuğınlığına ishimnen tańlandım. Solay bolsa da, ol jóninde hesh nárse ayta almay, kúni menen boyımdı biylegen oydı sheshiw maqsetinde Sársenbaydı iriktim. Bizlerdi ne sóyleser eken dedi me, basqalar aynalamızdı qorshalap



www.ziyouz.com kutubxonasi

aldı, biraq Sársenbay olardıń heshqaysısınan tartıńǵan joq. Úsh kúnnen berli kelmey atırǵanınıń sebebin aytıp berdi.

— Sizler ketken kúni, — dedi ol sóz baslap. — Oqıwǵa baraman desem, aǵam úyden shıǵarmay-aq qoydı. Buǵan ashıwım kelip, ketemen degen menen, sırtımnan qulıplap álleqayda ketti. Ilajsızdan jata berdim. Baqırsam da jaqın juwıq qońsı-qoba bolmaǵan soń, heshkim esitpedi. Bir waqıtta esiktiń aldında birew kelip ketip baratırǵanday sezildi. «Shaması, qulıplı bolǵan soń kirmey baratırǵan ǵoy», dep oyladım da «Kimseń?» dep dawıslap edim. Ol Meńlimurat aǵa eken. Kúni menen jılap-jılap sharshap qalǵan da edim. Oǵan qaytıp sóz ayta almadım, jáne kewlim buzılıp jılap jiberdim. Sonıń arasında Meńlimurat aǵa ergenekti qalay da bolmasın ashpaqshı bolıp atır edi. Shaması, aǵam kelip qalǵan qusaydı. «Úyińizde kim bar?» dedi ol. Men juwap bere almay atırǵanda «heshkim» degen aǵamnıń dawısın esittim. «Sársenbay jatır ǵoy», — dedi muǵallim.

«Aytqanday, Sársenbay azanda awırıp qalıp edi», dep aǵam qıypaq-sıypaq etkendey boldı. Biraq, onıń qápelimde ótirik sóylegenine ashıwım kelip «awırǵan joqpan» dep baqırıp jiberdim. Bunnan soń aǵam sóz tappay qaldı. Sóytip júrgende esik ashıldı. Men muǵallimge de qaraǵanım joq, esikten tura jóneldim. Aǵam azanda urǵan edi. Súyeklerim sınıp baratırǵanday. Esikke shıǵa súyretile jıǵıldım. «Qáyeriń awırdı?» — dep muǵallim basımnan sıypap atır. Meniń qastıǵárezim aǵam tuwralı arza etip aqsaqalǵa barıw edi.

— Aqsaqalǵa ne demekshi ediń? — dedim men, ol keynin aytqansha asıǵıp.

— Bileseń be, biziń aǵam qanday qatal?... Bárhama muǵallimdi jamanlaydı da otıradı. Al, ózi molla bola tura urlıqtı jaqsı kóredi. Bayaǵıda qawın urlıqqa barıp, shanıshqıǵa ilingenimde ózimniń nápsim ushın, deyseń be? Men ǵoy ol



www.ziyouz.com kutubxonasi

tuwralı ele heshkimge tigislik bildirmegen edim. Nadurıs islegen ekenmen. Sol qawın urlıqtan aǵamdı dúzlesken shıǵar desem, ele dúzlespepti. Endi aqsaqalǵa sol saparı qawın urlıqqa ne ushın barǵanımdı aytpaqshı edim. Ózimizdiń qawın bolatura, «sarı sekerparalardı urlap kel» dep aǵamnıń ózi zorlap jibergen edi. Men onıń tayaǵınan qorqıp hár kúni derlik jup sekerpara tappay jatqan emespen. Aǵam olardı ne qıladı deseńizshi. Kúni menengi jegeninen awısqanlarınan qaq tiletuǵın edi. Qısta jeymiz, deydi. Men oǵan inanaman. Men túwe oǵan kóp adamlar inanatuǵının bilemen. Sol ushın ilajım joq edi... Maǵan, ol ótirikshi molla bolıp kórinetuǵın edi. Sonda da ákem ǵoy, dep sırların áshkara qılǵan emespen... dep Sársenbay jılamsıradı.

— Soń aqsaqalǵa barıp aǵańnıń sol isleri tuwralı ayttıń ba? — dedi bir bala.

— Awa, ayttım. Awıl aqsaqalı aǵamdı shaqırıp alıp, biraz keyigen. Hátte, meni oqıwǵa jibermeytuǵın bolsa, oǵan shara kóretuǵını jóninde qattı eskertken... Aqsaqaldan kelip aǵamnıń ózi «oqıwǵa bar» dedi. Meniń oqıwǵa kelgenim onıń ruqsatı, álbette. Sonnan beri aǵam urıspaydı, biraq meniń menen burınǵıday ashılısıp sóylespeytuǵın boldı. Maǵan kózleri tússe qabaǵın úyedi... Sonda da oqıwdan qalǵım kelmeydi. Muǵallim aǵamday emes, mehirli eken. Bir kúni bolmasa bir kúni aǵamnıń ózi-aq jaqsı kórip keterdaǵı...

Sársenbay ózin bekkem tutsa da, dawısı dirildep turdı. Bizlerdiń de muńayǵanımızdı kórip, qáddin tikledi de, «úylerimizge qaytayıq!» dep hámmeni awılǵa qaray basladı...

## 10-BÓLIM

Oqıwdı da, jazıwdı da úyrenip kiyatırmız. Keshe ǵana «Qıs» degen temada sabaq óttik. Muǵallimniń aytqanınday-aq, qıs ta kelip qaldı. Muǵallimimiz kózi ashıqpa, bilmeymen,



www.ziyouz.com kutubxonasi



«Qıs» degen tema ótken kúni hawa keshke qaray bultlasıp sala berdi. Burın qara suwıq bolıp tursa da, bultlar toplanıp-toplanıp keshqurın jılıttı. Jatar aldında epeleklep qar da jawa basladı. Men usılardı kórip muǵallimniń tapsırması boyınsha hawa rayındaǵı bolǵan ózgerislerdi erteń sóylep beriw ushın dalada biraz turıp, keshirek jattım. Azanda erterek turıppan. Úydiń ishi ele qarańǵılaw eken. Aǵam ornında kórinbeydi. Bunday bolıp qar jawsa aǵam, bıltırları tań azannan turıp úydiń átirapın tazalaytuǵın edi. Bálkim qar tazalap júrgen shıǵar. Oǵan nege qar tazalataman. Endi men de námnaǵan adam boldım ǵoy. Sonsha balalardıń klasskomıman. Onıń ústine muǵallim de hár saparı «ata-anańızǵa járdem berińler» dep eskertetuǵın edi. Múmkin, tap usı demde basqa balalar da qar tazalap júrgen shıǵar dep oyladım. Kiyine sala dalaǵa shıqsam, aǵam joq. Qaytıp úyge kele sala:

— Aǵam qayda? — dedim apama.



www.ziyouz.com kutubxonasi




— Skladqa ketti, — dep ol ásten juwap berdi.

Hayran boldım. Bunday waqıtta ol heshqashan skladqa ketpeytuğın edi. Ya, qarawıl emes.

— Qashan ketti, nege ketti? — dedim men biyjağday, — Bir nárse bolıp qaldı ma eken?

Apam da sońğı kúnleri awıl xojalığına kirip, awıl xojalığınıń girttay isleri ushın-aq ağam menen tartısıp otıratuğın edi. Bayqawımsha, ağamnan góre apam awıl xojalığınıń múlkine kóbirek qıynalatuğınday edi.

— Skladqa urı túsipti, — dep ol suwıq demin aldı.

Etim túrshigip, shorshıp kettim. Meńlimurat ağa tap usılardı biletuğınday bizlerge: — «Ele aramızda jamay



www.ziyouz.com kutubxonasi

dushpanları bar. Olar awıl xojalığı dúzimine de, sizlerdiń oqıwıńızǵa da kesent keltiriwge tayın» dep eskertip, biziń awılǵa qońsı awıl xojalıqlarında júz bergen hádiyselerdi, bazı skladlarǵa ot berilgeni jóninde aytıp: «balalar sizler de abaylı bolıńlar» deytuǵın edi. Onıń aytıwı boyınsha, Shortanbay awılında awıl xojalıǵınıń skladına ot bereyin dep atırǵan adamdı biz sekilli oqıwshılar arasınan dáwjúrek birewi kóripti de, awılǵa jar salıp shıǵıptı. Usı esime túsip: «bizlerdiń nege hár jańalıqqa awızımız ashılıp, urılardı aldın ala sezip ańǵarıp áshkaralamadıq, ya baslıqqa bildirmedik-á? Endi meniki ne turıs? Aǵamdı tawıp alayın» dedim de, juwırıp skladqa kettim. Barsam, adamlar toparlasıp júr. Skladtıń jayı qaqıra edi. Bir jaǵı úńireyip atır. Awıl xojalıǵınıń baslıǵı, Meńlimurat aǵa hám basqa adamlar úńireygen jerge jaqın turıptı. Birewler qaqıranı aynalıp júr. Qarawıl Esemurat degen ǵarrı edi. Ol shógirmesiniń sırtınan tartıp alǵan shalǵıshın jazdırmay, suwıqqa búrisip qalǵan sıyaqlı óz ornında sárriyip tur. Awıl xojalıǵınıń baslıǵı onıń qayda bolǵanın sorap, keyip atır... Men de, «Esemurat ǵarrı ne aytar eken», dep jaqın barıp tıńladım.

— Qar jawǵan soń dalada tura almay úyge barıp edim. Azmaz buyıǵıp qalıppan, — deydi ol ólimsirep.

— Nege keteseń? Jurt saǵan isenip qoydı ǵoy?! — dep baslıqtıń shıja-pıjası shıǵıp atır.

— Qaydan bileyin... Kúnde qáwipsiz turǵan nárseniń bir qarlı túnde, bir demde bunday bolatuǵının? — dep jalınıshlı túrde dawısı dirildeydi. Esemurat ǵarrınıń dawısınan oǵan rehimim keleyin dedi. Biraq, sonsha nárseni urıǵa aldırıp, uyqılap qalǵanına men de renjip, ishimnen jek kórdim. Adamlar ányer-minyerdi kórip júr.

— Bul urlıq usı Esemurat ǵarrınıń ózinen awlaq emes, — dedi biziń aǵam. — Qar jawǵan kúni eki bastan, urılardıń



www.ziyouz.com kutubxonasi



izi bilinbeydi. «Qar jawmaǵan kúni urlasam, sırttan kelgen iz joq, bilip qoyar» dep qorqqan. Endi «urınıń izin qar basıp ketken», dep dáliyllew ushın islegen hiylesine qaramaysız ba, urı degen aqıllı boladı.

— Awa, awa, — dedi Gúlaydıń ákesi Seralı. — Ózi urlaǵan, basqa heshkim kelmeydi. Sonsha nárseni áketkenshe uyqılay bere me?

Awıl xojalıǵı baslıǵı menen Meńlimurat aǵa dım úndemedi. Túsleri suwıq. Baslıq biraz oylanıp, adamlardıń keypiyatın abayladı da:

— Qolın artına baylańlar, — dedi kópshilikke qarap. Eki adam bardı da Esemurat ǵarrınıń qolın artına qayırıp, baslıqtıń buyrıǵın orınladı. Ǵarrı sóylegendey sóz de tappadı. Sóylegen menen de paydasız ekenine kózi jetti me, moynın tómen alıp, ayıbın moyınlaǵan sekilli náylaj tura berdi.

Adamlar tarqasa da, meniń ketkim kelmedi. Sebebi, qansha úńileyin desem de, adamlar meni úńgirge jolatpaǵan edi. Ne de bolsa úńgirdiń awzın kózim menen kóreyin, sóytip klasstaǵı balalarǵa sóylep bereyin dep, sol jerde aylanshıqlap qaldım. Adamlardıń izi táwir-aq alıslaǵannan keyin tesikke úńildim. Bir adam túwe eki adam qos-qabatına sıyatuǵınday keń úńgir eken. «Mine, mınadan qap arqalap shıqqan ǵoy», dep keyin shegine bergenim, qardıń astında bir shúberektiń sheti kórinip atır. Ústinen, azandaǵı kelgen adamlar, basıp



www.ziyouz.com kutubxonasi

ketipti. Dáslep onsha kewil bólmesem de, shúberekti tartıp kórdim. Abaylap qarasam, tórt múyeshi kelgen appaq shıt. «Birewdiń qol sharshısı túsipti-aw, iyesine bereyin», — dedim de, qaltama saldım. Sol jerde kimdiki dep baqırmaqshı da boldım. Biraq, qaptalımda heshkim joq edi...

## II

Burın bizler qol sharshı degendi de bilmeytuǵın edik. Bir kúni Meńlimurat aǵa bizlerdi awıl dúkanına ertip aparıp hárqaysımızǵa bir qol sharshı áperdi hám onı qaltaǵa qalay salıp júrip, qalay paydalanıwdı da úyretti. Áne, sonnan beri hárbir oqıwshınıń qaltasında bir qol sharshı júretuǵın boldı. Bul kútá jaqsı boladı eken. Bir jerimizge sıya tamsa, túpirigimizdi jaǵıp sharshı menen sıpırsaq, tap taza boladı. Gúlay da bizlerden onsha min tappaytuǵın bolıp kiyatır.

Bul gezlerde awıllarda awıl xojalıǵı degen uyım dúzilip, ol jóninde úlkenlerdiń túsinigi hár qıylı, hár túrli bolıp turǵan payıtlar edi. Muǵallim bizlerge háripler, olardı biriktirip jazıwdı úyretiw menen birge awıldıń jaǵdayınan shette bolmawdı da eskertedi.

— Geypara adamlar, — deydi ol, — ózin haq adam qatarında esaplap, awıl xojalıǵına shın kewli menen berilgensiydi de, qolınan kelgen jamanlıǵın ayamaydı, yaǵnıy kópshiliktiń jıyǵanlarınan urlaydı... — dep ótken saparǵı sklad urısı jóninde awıl adamlarınıń Esemurat ǵarrıdan gúmanı barlıǵın ayttı...

Bul urlıq jóninde oylanıp, sol skladtan urlıq ushın tesilgen jerden tabılǵan oramaldı qaltamnan alıp, bir úńildim de, onnan heshteńe abaylamay jáne qaltama saldım da Gúlaydıń qasına bardım. Ol balalardıń tazalıǵın tekserip atır edi. Maǵan burılıp bir qaradı da birden eskertti:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Joldas klaskom, salaqlıqqa berilmey, qol sharshıńdı tıǵıp qoy!

Onıń bul gápi maǵan kútá awır tiydi. Sóytse de, ózimniń salaqlıǵıma da kúyinip qaltama úńilsem, sol tawıp alǵan sharshımnıń bir ushı shıǵıp tur eken. Armanıraq ısırıp qoydım. Sonda da Gúlayǵa ashıwlı keyipte qaradım: Meniń de ózindey abırayım bar. Klaskomman. Sonıń ushın bılayıraq shıǵarıp eskertse de boladı ǵoy!

Ekinshi sabaq waqtında sol sharshı tuwralı tereń oyǵa berildim. Kimnen túsken, nege qardıń astında jatır. Kimdiki? Nege taslap ketken? Yamasa, abaysız túsirgenbe? Mennen basqalardıń abaylamaǵanı qalay? Adamlardıń aytıwı boyınsha, urı qar jawmastan burın kelgen. Óytkeni, izim bilinbesin, degen.

Shınında da, ol durıs oylaǵan. Izi bilinbey qalǵan. Yamasa bul sharshı sol urılardan tústi me eken? Urılardan nege túsedi? Salaq adam, ańqaw adam urlıq qılama? Bálkim, bul sharshı Esemurat ǵarrıniki shıǵar... Ǵarrı abaysızda túsirgen...

Usınday oylar meni tolqıta berdi. Biraq, baxtıma muǵallim sabaq soramadı. Eger soraǵanda, sabaqqa dıqqat awdarmaǵan sırım ashılıp qalıwı da sózsiz edi... Tórt saat oqıp pittik. Biraq, usı tórt saat ishinde de tawıp alǵan sharshım tuwralı oyladım. Ne paydası bar, belgili juwmaqqa kele almadım.

Sabaq tarqaǵannan soń da oylanıp kiyatırman. Izimnen Gúlay jetip alıp, meni toqtattı:

— Turdımurat, eki iyniń salpawsıp ketipti ǵoy?

Gúlaydıń bul sózin jáne jaqtırmadım. Biraq, ol qasıma keldi de, jeńimnen tartıp, joldıń shetiregine shıǵardı. «He, endi aqıllanǵan eken, mine, kemshiligimdi endi aytsa boladı», dep oyladım da izine erdim. Basqa balalar da bizlerdi kórip irkilgen edi.

— Sizler júre beriń, — dedi Gúlay olarǵa. — Biraq, Sársenbay ketpey tur.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Turdımurat, — dedi Gúlay sıbırlap, — qaltańnan baǵanaǵı sharshını shıǵar.



Men qorqıp kettim. Birewdikin «urlap aldıń» dep záwlim salsa, qáytemen? Sorım qaynap, abırayım tógiletuǵın jaǵına endi aylandı. «Kópshilikke meni urlıqshı bala dep jayıp jibermese bolar edi», dep oylanıp turǵanımda, Sársenbay bizlerge qaray júrdi. Gúlay úndemesten meni taǵı shetirekke shıǵardı.

— Nege mennen jasırın sóylesesiz! — dedi Sársenbay baqırıp.

— Men bilemen. Men sizler menen sırlasayın, oylasayın dep edim. Endi tersekeyine esitińler! — dedi de juwırıp jónine ketti. Ekewimiz de ań-tań boldıq. Biraq, Gúlay oǵan itibar bermesten:

— Qáne, sharshıńdı kórset! — dep buyrıq etti. Men qaltama qolımdı suǵıp, ózimniń sharshımdı shıǵardım. Bunı aǵam jaqında ǵana qalaǵa barǵanda ákelgen edi. Shetlerinde naǵısı bar, sup-sulıw. Onı qaltamnan alsam da, sharshımnıń sulıwlıǵına maqtanıp, Gúlaydıń aldında masayrap turdım.

— Bul emes! — dedi ol jekirinip. Gúlaydıń ashıwlı sesti maǵan batayın dedi. Sonda da oǵan sır bergim kelmep edi. Ózi qaltama qolın suǵıp, tawıp alǵan sharshını uslap joqarı kóterdi. Men ilajsız tura berdim.

— Sen bunı qaydan aldıń? — dedi ol sharshınıń óyer-búyerine úńilip. Usı sharshı sebepli «Urlıqshı» degen ataq magán jabılmasa bolar edi... Gúlay yaman tik minez, urlıqqa qatnasıń bar deydi-aw. Qaltamda alıp júrip ne qılaman?..



www.ziyouz.com kutubxonasi

degen oylar basımnan zuw-zuw ótse de Gúlaydıń aldında sır bermewge tırısıp baqtım.

— Ózimdiki.

— Eki sharshını ne qılasań? — dedi Gúlay kúlip.

— Birewi kir bolsa, ekinshisi menen betimdi sıpıraman, — dedim.

— Bul sharshı seniki emes, — dep áńgimeni ol birotala kesip ayttı. — Heshqanday seniki emes! Bilemen, seniki emes, haǵınan kel! Haǵınan!!

Gúlaydıń buyrıqlı sózleri kem-kem batıp baratır. Ózi de pátli sóyleydi-aw! Qansha jasırsam da, kisiniki ekenin bilip qoydı. Sonda da moynıma almay, birinshi aytqanımda turıp qaldım.

— Bul Dúysen mollaniki, — dedi Gúlay oylanıp turmastan meniń betime tigilip.

Endi boyım jeńilleskendey boldı. Bul qız, bári bir, maǵan isenbeydi. Sonlıqtan, durısın, aytqan shep bolmas dedim de, moyınladım:

— Gúlay, men bunı tawıp alǵan edim.

— Áne, baǵanadan beri solay de. Men seni urlıqshı dep dóhmet salmayman ǵoy. Pákseń. Bilemen, — dep ol az-maz jaypawsıradı da: — qayaqtan tawıp aldıń? — dedi.

Men qashan, qay jerden tawıp alǵanımdı, qalay tawıp alǵanımdı qaldırmay sóylep berdim.

— Durıs, — dedi ol bir nárseni túsingendey: — Men bul sharshını, Dúysen mollanıń qolında kórdim. Biziń úyge kelgende, shay iship, tamaq jep, usı sharshı menen betin sıpırǵanın kórgenmen.

Dúysen molla bizikine de kelip edi. Men sirá abaylamaǵanman. Mınaw qızdıń shaqqanlıǵın-ay, sezgirligin-ay, — dep ishimnen aytsam da oǵan onsha isenbey:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Sonıń sharshısı ekenin qalay dáliylleyseń? — dedim.

— Sen, házirshe, bul tuwralı tisińnen shıǵarmay tur, — dedi ol ásterek. Aǵam búgin azanda jumısqa keterde apama: «Túslikke Dúysen molla menen kelemen», — dep edi. Múmkin, ol keler. Sonda háreketlerin baqlap, saǵan dáliyllep beremen.

— Qalay baqlaysań? — dedim isenbey.

Apam maǵan shay qaynattıradı. Sonda otındı kóp etip jaǵaman, shaydı ashshı demleymen. Ol kisiniń ózi júdá tershil adam, sonnan soń terleydi... Shay kesege terin tamızıp otırmaydı ǵoy?

Men Gúlaydıń bul aqılına tańlanarımdı da, tańlanbasımdı da bilmedim. Biraq, házirshe heshkimge bildirmey turıwǵa wáde berdim.

## 12-BÓLIM

Kún awıp ketken edi. Awıl xojalıǵı jumısshıları kelesi jıl ushın egis jer tayarlap atır. Apam da, aǵam da jumısqa ketip qalǵan. Úydiń ishi jım-jırt. Qazandaǵı suwıp qalǵan tamaǵımdı ishtim de, ne de bolsa muǵallim bergen tapsırmanı tayarlap alıwǵa kiristim. Aradan qansha waqıt ótkenin bilmeymen. Bir waqıtta asıǵıp-albırap Gúlay kirip keldi.

— Turdımurat, ne qılıp atırsań? — dedi sırttan pátli kelse de, bosaǵadan atlaǵan jerde gilt toqtap. Onıń úyde mennen basqa adamlar bar shıǵar dep irkilgenin sezdim. Kitaplarımdı jıynamastan, sekirip turdım da:

— Ayta ber? — dedim.

— Aǵam menen Dúysen molla úyge kelip, shay ishti...

— Awa, ayta ber? — dedim men Gúlay áńgimesiniń izin aytqansha asıǵıp. Úydiń ishinde ekewimizden basqa adam bolmasa da, Gúlay sıbırlap sóyledi.

— Shay ishti, terledi. Naǵız terlegen waǵında qaltasın qayta-qayta kórdi. Terin sıpırǵanday hesh nárse taba almadı.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Biraq, biziń apam úlken góne súlgini bermegende, teri kesege tamıp otıra berejaq edi.

— Onda onıń bul sharshısı qardıń astında, skladtıń túbinde qalay qalǵan?

Gúlaydıń jası mennen úlken bolmasa da, mennen ári aqıllı, ári shaqqan hám ziyrek eken. Kóp oylanıp turmadı.

— Skladqa túsken solar ma, dep oylayman. Bolmasa, sharshısı qardıń astında qala ma?! Qaptı arqalap kiyatırıp, ózi tershil adam, betin sıpırǵanda, túsirip alǵan ǵoy...

Ekewimiz de bir maydan otırıp, oylana basladıq. Ol da maǵan qadala qarap, ne aytarın bilmedi. Suq barmaǵın shekesine aparıp, oylanıp otırdı. Kúlgende betindegi oynaqshıytuǵın shuqır qıymılsız, appaq júzi ózinen ózi quwarıńqıraǵan. Birden ırǵıp túrgelip:

— Ne de bolsa onı keshte ekewimiz ańlıyıq. Ne qılar eken, — dedi ol.

— Qáte! Ol saq adam. Sen, eger taqıyıq isenetuǵın bolsań Meńlimurat aǵaǵa, ya baslıqqa aytsaq qáytedi? — dep edim, ol aytqanıma kónbedi:

— Áwele anıǵına jeteyik. Qurı alapaǵa shawıp, olardı da, ózlerimizdi de masqara etip alarmız...

— Onda ne qılamız? — dedim men taǵı.

— Sen usı sharshını Dúysen mollanıń úyine apar. Kisige kórinbe. Úyiniń qaptalındaǵı pishen qorasınıń awzına tasla. Bálkim, kórip, alar. Sonnan soń belgili boladı.

— Almasa ne qılamız? — dedim isenbey.

— Sen qorıqpa. Eger kisiniki bolsa, almaydı. Al, óziniki bolsa, tap almay ketpeydi.

Jurttıń bári Dúysen mollanı «dúnyaparaz, dúnya aldına shıqqan kisi» deytuǵın edi. Men «kisiniki bolsa da aladı ǵoy» dep oylap edim. Gúlay meniń qıyallarımdı túsingendey.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Sen, oylanba. Óziniki bolsa alatuǵını sózsiz. Kisiniń kir sharshısın kisi ala ma? — dep júdá bilgishsindi. Gúlaydıń bul aqılında jan bar sekilli kórip, aytqanlarına kóndim. Kónbewge de ilajım joq. Sebebi, oǵan qarsılasqanday hesh dáliyl basıma da kelmedi.

— Olay bolsa házir-aq aparayın, — dedim de kitaplarımdı jıynastıra berdim.

— Joq, házir aparma. Jańa biziń úyden shıǵıp úyine ketti. Bir jaqqa ketken soń aparарsań. Al, Sársenbayǵa da isenip júrme, kórinbe, — dep ol meni kútá aqıllandırıp qoydı. Gúlaydıń aytqanına kóndim. Biraq, ol ketkennen keyin tınıshsızlana basladım. Turıp-taqatım, otırıp-parasatım bolmadı. «Esemurat ǵarrınıń rastan-aq haq bolǵanı ma? Sonsha adamlar «urı» dep onı qamattı. Endi ol qalay aman qutılayın dep tur...

Gúlay ketken soń kóp otıra almay, úyden shıqtım. Dúysen mollanıń úyi bizikinen qashıǵıraq bolsa da, ara ashıqlıq edi. Uzaqtan qarap turman. Úyi átirapında qıbırlaǵan bende kórinbeydi. Tım-tırıslıq. Qamıs qoranıń tasasında bolmasa, hesh bende joq. «Házir qolay payıtı eken» dedim de, solay qaray júre berdim. Yarım jolǵa barǵanda, esime onıń iyti tústi. Sonday bir iri, sarı ala kópegi bar edi. Mendey bala túwe úlken adamlardı da úyiniń dógeregine jolatpaydı. Endi sonnan qorqtım. «Eger adam joqta úyine barsam, iyti tútip jep putımdı-put, qolımdı-qol etip taslaydı ǵoy» dep, bir ilaj tabıwdı oyladım. Sóyttim de úyge qaytıp kelip, dasturqannan eki nan aldım. Iyt shıǵaǵoysa, aldına taslayjaqpan.

Usılayınsha, ózimshe batırsınıp, nandı qoltıǵıma qısıp kiyatırman. Dúysen mollanıń úyine de jaqınladım. Biraq, júrisim azmaz páseńleyin dedi. Eki kózim úydiń átirapında, eki qulaǵım tıń-tıńlawda. Úyin aynaldırıp tutılǵan qorasınıń awzına bara almay, shetten sıǵaladım. Gúlay aytqan pishen



www.ziyouz.com kutubxonasi

qoranıń awzı júdá ishkerirekte eken. Házir ılaqtırayın desem, jetpey jolda qalıwı múmkin. Barıwǵa sol kárada iyti bar ma, dep taǵı tartındım. Ne de bolsa sharshınıń ishine kesek túyip ılaqtıra qoyayın dep qıyallandım. Taǵı «kesegim jerge túskennen keyin sharshı bólinip kete qoysa ne jaqsı, bolmasa, ishine kesek túyilgen sharshıdan iyesi gúmanlanadı...», dep oylanıp tursam, artımnan birew kelip qalıptı.

— Haw, bala, ne qılıp tursań?!

Jalt qarasam, Dúysen mollanıń ózi. Hawlıqqanımnan qoltıǵımdaǵı nandı jerge túsirip ala jazladım. Iyti alısıraqta, izinde kiyatır. Qanday báne tabarımdı bilmey, qashayın desem iyti quwıp jetip, toz-tozımdı shıǵarar dep, jáne qorqtım.





www.ziyouz.com kutubxonasi

— Apań búgin de qorqıp shıqtı ma? — dedi molla maǵan jaqın kelip. Bunısı júdá qolay tústi. Jaqında ǵana biziń apam túsinde qorqıp, usı kisige jup nan sadaqa bergeni esimde bar edi. Qoltıǵıma qarasam, taǵı jup nanım bar. Bul kisi de usını kórip aytqan eken. Maǵan da ap-ańsat dáliyl tabıldı.

— Awa, ata, — dedim de qoltıǵımdaǵı nanlardı aldım. — Minekey, jup nandı sizge berip jibergen edi.

— Qáne, úyge júr, — dedi ol nanlardı qosaqlap alıp. Úyine birge bardım.

— Usı bolǵanı ma? — dedi úyge kirgen soń. — Apań shay, qant berip jibermedi me?

Albıraqlayın dedim. Biraq, awzıma qalay túskenin bilmeymen:

— Úyde shay túwesilgen eken, ata, — dedim birden.

— Yaqshı, kete ber, — dedi de eki alaqanı menen betin sıypalap pátiya berdi. Endi shıǵıwım aqırzaman boldı. Iyt shabalanıp shıqsa, taslaytuǵın nanım joq. Mınaw kisiniń ózine shıǵarıp sal deyin desem, qaltamdaǵı sharshını taslay almay qalay ketemen. Ne de bolsa shıǵayın dep, qapıdan shıqqanım, iyt kórinbedi. Awzı tamnıń esigine qaratılǵan kishkene baspaq qora tur. Usı jerge taslasam ba eken, dep oylandım. Taǵı da bul baspaq qora ǵoy, múmkin, onıń ishine kirmes. «Gúlaydıń aytqanın isleyin», dedim de ayaǵımdı ǵaz-ǵaz basıp pishen qoraǵa qaray júrdim. Qasaqana, tap pishen qoranıń awzında basın eki ayaǵınıń arasına suǵıp, iyt jatır. Júregim «suw» ete qaldı.



Úydiń oń jaǵına aynaldım. Bul jerde de qolaylı orın joq. Shıǵıp kete bereyin desem, iyt kórip



www.ziyouz.com kutubxonasi

qoyadı. Ne de bolsa qaytıp úyine taslayın dep ishkerige kirip edim.

— Ey, zańǵar, nege ketpey júrseń?! — dedi molla jekirinip.

— Iytten qorqıp turman, ata, — dep jılamsıradım. Ol kisi ornınan túrgelip meni iytten ózi shıǵarıp salmaqshı boldı. Izine erdim. Biraq ol iytti uslaǵan joq. Qolına bir shıbıq aldı da, iytin quwıp jiberdi. Men taysalaqlap júrmen, sirá kózdiń tasasın ala alatuǵın emespen. Bir waqıtta ol jerden bir nárseni ala berip edi, jumbarshaqlap turıp sharshını qoranıń awzına ılaqtırdım. Ol da tap diydilegen jerime tústi. Qaytıp artıma qaramastan mollanıń qaptalı menen zıńǵıp kettim...

## 13-BÓLIM

Gúlaydıń ákesi Seralınıń saqalında bireń-sarań aq bar, sonda da biziń aǵama qaraǵanda jası kishi bolsa kerek. Úyge kele ǵoysa apamdı mudam «kishe» dep, birese «jeńge» dep dálkeklesedi. Úyge kóbirek kelgennen soń, meni de onsha jek kórmeydi-aw dep bayqas etemen. Keshte Gúlay menen oylasayın dep úyine barsam, ákesi menen Dúysen molla jáne shay iship otır eken. Olar ekewi onsha tatıw sıyaqlı emes edi, sońǵı kúnleri ekewiniń qalay dos bolıp ketkeni meni tańlandırdı. Óytkeni, bir jola ekewiniń urısqanına, bizler balalar túwe, úlkenler de gúwa bolǵan. Biraq neniń ústinde urısqanın sonda da bilmegenmen. Ele de anıq bilmeymen. Áytewir, jazdıń kúnleri edi. Seralı menen ol suwǵa talasqan shıǵar dep shamalayman. Sonda olardı meniń aǵam arashalaǵan edi. Dúysen mollanı házir kórgende júregim silkinip ketti. Biraq sır bergim kelmedi.

— Há inisi nege keldiń? — dedi Seralı. Bul kisi bárhama meni «inisi» deydi. Ya inim demeydi usıǵan qarap bazda jaqsı kóretuǵının-da jek kóretuǵının-da túsinbey qalaman. Yamasa meni kórse tisi qıshıy ma, dárriw sógedi de. Biziń



www.ziyouz.com kutubxonasi

xalıqta jasúlkenlerdiń jas kishilerdi sógiw ádeti de... Usı saparı da «sókpese bolar ediw-aw» dep tursam túsi suwıq kelbeti qatallaw kórindi.

— Gúlay kerek edi, — dedim men.

Molla Seralıǵa, Seralı mollaǵa qarap qoydı. Sonıń arasında terlep otırǵan molla betin sıpırdı. Qarasam men taslaǵan sharshı. «Há!» degenimdi bilmey-aq qaldım. Bunnan molla seskenip ketti.

— Násheni ushırdıń ǵoy, zańǵar, — dedi molla jatqan ornınan ushıp turıp. Men taǵı da hiyle taptım.

— Ata, kesheden beri tumawlap, ilelep júrmen, — dep bir búyirimdi qıstım.

Ileleseń úyińde nege jatpaysań? — dedi Seralı dawısın pátlendirip. Men Gúlay menen tapsırma tayarlawǵa kelgenimdi ayttım. Bunnan keyin olar maǵan kewil awdarmadı. Ózli-ózli sóylesiwge qaradı.

— Ózimizdiń oqıwǵa balalardıń házirgidey ıqlası bolǵanda shetinen iyshan bolar edi, — dedi Seralı qolındaǵı kesesin jerge qoyıp. Men de qulaǵımdı túrtip tıńlap otırman. Heshqaysısınıń meniń menen isi joq. Biraq Dúysen molla múlgip Seralınıń sózine juwap bermedi. Sonıń arasında Gúlay kirip keldi.

— Baǵanaǵı kitabıńdı ber? — dedim oǵan kiriwden-aq. Gúlay meniń tásilimdi túsinip:

— Ózime kerek, — dedi meni jaqtırmaǵan kisi uqsap.

— Onda birge tayarlanayıq.

— Aǵam jibereme, — dep jińishke dawıslı Gúlay ákesine qaradı. Ákesi esitpegendey bolıp otır edi. Dúysen molla:

— Qızıń kete bersin-be? — dedi oǵan. Seralı basın shayqap ruqsat bergen soń Gúlay ekewimiz juwırıp shıǵıp kettik.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ay búgin de kórinbeydi. Aynala tas túnek qarańgı. Biraq qar epeleklep jawıp az-maz jaqtılı bolıp tur. Gúlaydıń úyinen táwir-aq alıslap kettik. Dáslep biziń úyge qarap júrsek te bılayıraq barıp irkildik.

— Turdımurat, — dedi Gúlay sıbırlanıp, — Kórdińbe sharshısın alıptı.

— Kórdim, sen aqıllı ekenseń, — dedim onı qoshametlep.

— Onda ańlıyıq, — dedi Gúlay jáne bilgishlenip.

— Qalay ańlıymız?

Meniń oyımsha búgin túnde bizikine otırıp-otırıp bir jaqqa barar.

Men onıń másláhátine kóndim de:

— Sayıptikine barayıq, — dedim oǵan. Sebebi dalada kóp otıra beriwge bolmaydı. Kún ayaz. Anıq tumaw tiyse erteń oqıw bar.

— Meyli, — dedi Gúlay. Sóytip Sayıptikine qaray júrip baratırmız. Jáne meniń esime bir nárse tústi.

«Ańlıǵanımız qalay? Taǵı da basqa úyde otırǵanımız qalay? Házir shıǵıp ketse ne bilemiz»? degen oyǵa kelip:

— Toqtap tur, — dedim Gúlaydıń shalǵayınan tartıp, — Hesh jerge barmayıq. Ekibastan seni aǵań biziń úyde otırıptı dep oylaydı. Siziń iyt bolsa ózińe tanıs. Seni kórse úndemes, Tap siziń jer tóleniń awzına barıp jatayıq. Dúysen molla qayda barar eken.

Meniń keńesim Gúlayǵa maqul tústi. Kóp irkilmesten izimizge aylandıq. Qar ele jawıp tur. Tóleniń awzına keldik te tımıtırıs otıra berdik. Ishten ya sırttan kelgen adam kórinbeydi. Heshqanday dıbıs esitilmeydi. Qurı otırmız. Qasaqana búgin awıllar da erteden jatpaydı. Terezelerden shıralar jaltırap tur. Waqıt sirá ótetuǵın emes. Állen waqıtta shiyqıldap esik ashıldı. Abaylap qarasaq molla eken. Bir-birimizge asılıp otırmız. Ol dalaǵa shıǵıp tamdı bir ret aynaldı da, qaytadan



www.ziyouz.com kutubxonasi

ishke kirdi. Bizler endi onı ketetuğın shığar dep oylağan edik. Qaytıp kirgenine hayran boldıq.

— Nege ketpeydi eken? — dep sıbırlandı Gúlay.

— Jatıp ketpekshi shığar, — dedim mende gúbirlep, ekewimizdiń sózimizdi sırttan kelgen adam esitiwine imkaniyat joq edi. Sóylessek birimizdiń qulağımızğa birimiz awzımızdı basıp, sóylesemiz.

— Kóknar ishken adam qorqaq boladı deydi. Qorqıp otırğan shığar, — dedi Gúlay. Usı waqıtta meniń esime Qapapalek tuwralı bir nárseler keldi. Ol kisi kóknarğa toyıp alsa qumırsqadan qorqıp jerde jatpaydı eken. Múmkin bul da Seralını ertip ketpekshi shığar degen qıyalda otırsam birew art betimnen kózdi basıp qaldı. Endi júregim tarsa ayrılıp kete jazladı. Gúlay túrgele sala sıtıp baratır.

— Toqta, Gúlay, — dedi jańağı kózimizdi basqan birew. Sóytti de kózimdi jiberdi. Qarasam Sársenbay. Biraq qorqqanımdı bildirmewge tırısıp baqtım.

— Qaydan júrseń? — dedim men Sársenbayğa sıbırlap.

— Tóleden, — dedi ol qısqa ğana. Gúlay da qaytıp keldi.

— Aytpasańız aytpań, men de bilemen, — dedi Sársenbay, — Házir sizlerdi ağama tutıp bereyin be?

Men ashıwlanıp, Sársenbaydı qapsıra qushaqladım. Gúlay da asıldı. Sóytip qashpaqshı boldıq.

— Toqtań, — dedi Sársenbay áste-aqırın kúlip. — Sizlerdiń ne ushın kelgenińizdi kúni menen baqlap otırman. Men sizlerden burın kelgen edim... Úshewimiz birge ańlıyıq.

Sársenbay bayağı bizler Gúlay ekewimiz sharshı jóninde oylasqanımızda ne ushın bir nárse aytpaqshı bolıp kelgenin hám bizlerge ókpelep ketkenligin sıbırlap aytıp berdi. Bunnan soń úshewimiz tınısh otırdıq. Aradan kóp waqıt ótpey-aq Dúysen molla shıqtı.

— Endi qaytar, — dedi Gúlay qulağıma awzın taqap.



www.ziyouz.com kutubxonasi



«Indemeń» degendey Sársenbay ekewimizdiń de iynimizden basıp qoydı. Bizler ishten kórip otırmız. Dúysen molla dalaǵa shıǵıp ján-jaǵına qarap turdı. Eki qolın sozıp kerildi. Awzına alaqanın basıp ásten-ásten jótelip aldı. Izin ala Seralı da shıqtı.

— Házir waqtı eken, — dedi molla. Seralı sóylegen joq. Ekewi úydiń átirapına aynala qarap biraz turdı. Ján-jaqtan tıń-tıńladı. Sóytti de Dúysen mollanikine qaray júre berdi. Olar ádewir jerge barǵannan keyin bizler de ornımızdan qozǵaldıq. Sonıń arasında olardıń hárqaysısı qollarına bel alıp baratırǵanın kórdik. Bizler, dáslep áwelinde úy iyesi Seralı Dúysen mollanı shıǵarıp salmaǵa baratırǵan shıǵar dep oylaǵan edik. Endi oyımız natuwrı ekenine isene basladıq. Sonnan olar hesh jerde irkilmey, tuppa-tuwrı awıldıń arqasına qaray baǵdar aldı.

Awıldıń arqası qalıń toǵaylıq. Awıl adamlarınıń sol toǵaylıqtan kimi arqalap, kimi eshekke artıp otın ákeletuǵın



www.ziyouz.com kutubxonasi

kishkene soqpaǵı bar edi. Olar qasaqana bul soqpaqtan júrmedi. Jolsız dizilisip ketip baratır. Ara-tura artına burıladı. Lekin, bizlerdi ańǵarmaydı. Olardan ádewir keyinirek izlerinen ere berdik. Tek qaraların zorǵa kóremiz. Olar tez-tezden irkilip ján-jaǵına azmaz qarap turadı da, jáne tezlik penen alǵa qádem taslaydı. Sóyte-sóyte awıldan eki shaqırımday alıslap ketti. Qalıń toǵayǵa kirdi. Bizler qápelimde olardan aljasıp qalmaw ushın kútá saqlıq penen qádemlerimizdi de jiyilettik.

Olar náhán torańǵıldıń túbine barıp irkildi. Molla torańǵıldan batısqa qaray azǵana júrip, buqqıshlap bir jerge kirdi. Demde olardıń ekewi de sol jerde kórinbey qaldı. Azmazdan keyin ekewiniń qazıp atırǵanın abayladıq.

— Uǵındıńızba, meninshe, — dedi Sársenbay. — Skladtı urlaǵan usı ekewi. Men sklad urlandı degennen-aq meniń aǵam menen Gúlaydıń aǵası urlaǵan bolsa kerek deyjaq bolıp, ózimdi áreń irkkenmen. Sebebi, sklad urlanatuǵın túnde bular ekewi biziń úyde bolıp, kóp sıbırlastı. Al, tún yarımınan awǵanda, uyqıdan oyanatuǵın bir ádetim bar edi, qarasam, ekewi sırttan haplıǵısıp úyge kirdi. Jáne sıbırlasıp kóknar ishti...

Usı waqıtta men Gúlayǵa «seniń ákeń de urı eken ǵoy» dep aytpaqshı boldım da, ol birden arǵa shıdamay haplıǵıp ses shıǵarıp qoyar dep qorqtım. Sóytip oǵan qarasam, tula bedeni titirenip tur. Shıdamay alǵa qaray juwırıp ketkisi kelip turǵan sekilli... Sársenbay ekewimiz eki jaǵınan usladıq ta jıldam awzın bastıq. Óytpesek áshkaralanıp qalıwımız sózsiz edi. Sóyttik de, onı súyrey sala bılayıraq shıqtıq. Ol bar kúshi menen shatqayaq salıp, ayaqların tepsinip, bizlerge kúsh bermey kiyatır. Sonda da, awzın jazdırmadıq. Júrisimiz ónbedi. Bılayıraq shıqqannan keyin erkin dem alsın dep awzın sál bosatıp edik, Gúlay sıńsıp-sıńsıp jılap jiberdi.



www.ziyouz.com kutubxonasi



— Bul shala molla seniń ağańdı da azğırğan ğoy, — deyin desem, Sársenbay ókpeleyme dep tartındım. Degen menen Sársenbay ózine bekkem sıyaqlı edi. Gúlay únsiz jılawın dawam etpekte. Ekewlep onı qanshama tınıshlandırmaqshı bolsaqta, ol jılay beredi, jılay beredi... Geyde murnın tartıp:

— Biziń ağam, — dep dawısı dirildeydi de keynin ayta almaydı. Sirá jubata almaymız. Degen menen urılardı anıqladıq. Sóytip úshewimiz de izge qayttıq. Birinshi biziń úyge keldik. Apam tınıshsızlanıp, esikke arqasın berip, jolğa qarap tur eken.

— Turdımuratpısań? — dedi ol bizlerdiń júrisimizden tanıp, — usı waqqa shekem ne qılıp júrsiz? Haw kópsiz ğoy?? Jılap júrgen kim? Gúlay ma? Haw, qız balanı da jılatama eken? Joldasıń kim, Sársenbayma? Sársenbayjan, sen elge tárbiyashı mollanıń balası ediń ğoy. Ortańızda bir qız bala nege jılap kiyatır?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Sársenbay da úndemedi, men de úndemedim. Mağan salıwlı tósek bar eken. Sonıń ústine Gúlaydı jatqarıp, Sársenbayğa: «jubata tur» dedim de, asığıs shığıp kettim. Qıyalım bul awhaldı Meńlimurat ağağa tez jetkeriw...

Qar ele jawıp tur. Aynala jım-jırt. Abaylap qarasam, biziń úyge qaray kiyatırğan birewdiń qarası kórindi. Shaması izimizden ańlıp júrgen birew bolsa kerek, degen oy menen qoranı aynaldım da, tasa-tasa menen Meńlimurat ağanıń úyine qaray juwırdım. Onıń jayınıń áyneginen ele jaqtı shığıp tur. Qarap edim, ishten heshkim kórinbedi. Dárriw áynegin qaqtım. Dıbıs joq. Artıma qarasam, bağanağı kóleńkedey bolıp kóringen birew jáne izimnen kiyatır. Shır-pırım shığıp tur: «Usınnan Meńlimurat ağa tez shığa qoymasa, mınaw birew meni uslap aladı-aw». Ayıp bolsa da Meńlimurat ağanıń áyneklerin qaytadan qattı-qattı urdım.

— Kimseń? — dedi ishten birew. Meńlimurat ağanıń dawısın tanıdım. Biraq, ol uyqılı-oyaw bolsa itimal. Tez shığa qoymadı. Onı asığıslıq penen kútip tepsinip tur edim. Sheńgeldey pánje birden jelkemdi qıstı. Baqırayın desem, úlken qol awzımdı japtı. Bóbektey jeńil bolsam kerek, qushaqlağan kisiniń qolında tıpırshılawım menen kete berdim. Betine qarayın desem de qıymılday alatuğın emespen.

— Tisińnen shığarasań ba? — dedi ol pánjesi menen betimdi qattı qısıp. Ol báribir awzımdı bosatpaydı. Eger, tegerań awzım bosatılıp lebiz shığarıwğa imkaniyat tuwsa «Meńlimurat ağa!» dep baqırmaqshıman.

Bir waqıtta ol tislenip turıp, álle nárselerdi ayta basladı. Dawısınan Dúysen molla ekenin tanıdım. Meńlimurat ağanıń úyinen qansha uzaqlap ketkenimizdi bilmeymen. Jerge sılq ete qaldım. Moyın omırtqam úzilip ketkendey boldı. Tikleneyin desem, boyım zil. Tentireklep barıp jambasladım.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Turdımuratpısań? — dedi birew. Qarasam — Meńlimurat aǵa. Bar kúshimdi salıp ornımnan ırǵıp turdım. Ol bir qolın moynıma salıp qushaqladı. Túsim ekenin de, ońım ekenin de bilmeymen. — Jańaǵı kim? — dedi ol.

Dúysen molla Meńlimurat aǵanı kórgennen keyin ǵana naylaj meni taslap qashqanın jańa ǵana túsindim.

— Molla, — dedim men. Basqa sózge shamam kelmedi. Sonıń arasında qaydan kelgenin bilmeymen, Sársenbay da payda boldı.

— Ne qılıp júrsiz? — dep soradı Meńlimurat aǵa. Bizler oǵan búgin ózlerimiz baqlaǵan gúllán hádiyseni jıldam-jıldam aytıp berdik.

— Ooo, balalar, olar sizlerdiń ańlıǵanıńızdı bilip, sońınan ózlerińizdi ańlıǵan ekenǵoy? Ele-ám aman qalǵanıńız... — dep Meńlimurat aǵadan endi ne qılıwımız kerekligi jóninde keńes soraǵan boldıq.

— Úshew edik. Gúlay Turdımurattıń úyinde jatır, — dedi Sársenbay.

— Nege?

— Ákesiniń de urı ekenin bilip talıp qaldı.

— Turdımurat, úyińe basla, — dedi Meńlimurat aǵa.

— Men dalaǵa shıǵaman degenshe molla seni qansha jerge shekem kóterip ketken,... — dedi Meńlimurat aǵa biziń úyge jetkennen keyin. Sóytti de ol ishke kirip Gúlaydı kórdi de:

— Aynalayın, qapa bolma, júr úyińe ertip aparayın, — dep onı túrgeltip, — sizler de júrińler, birge baramız, — dedi.

Sársenbay da, men de qarsılıq etpedik.

Gúlaydıń úyinde ákesi joq eken. Onı anasına tapsırıp, Meńlimurat aǵa menen kettik.

Baǵana Dúysen mollanıń qattı qısqanlıǵınan qorqıp jerge taslap jibergeninen, tula bedenim qaqsap baratırsa da, olardan qalǵım kelgen joq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Dáslep baslıqtikine bardıq. Ol tez-tez bes-altı adamdı jıynadı. Sóytip túnniń yarımı awǵannan keyin Meńlimurat aǵa bizlerge:

— Toǵayǵa, dán kómilgen jerge baslańlar, — dedi. Meniń júriwge shamam kelmedi...

Olardı Sársenbay baslap ketti.

## 14-BÓLIM

Eki kún udayına qar jawsa da, búgin hawa ashıq edi. Appaq qar kúni menen shaǵılısıp álemdi kúndegisinen de jaqtılandırıp jibergendey, kewillerimiz xosh. Kóshede qar ılaqtırısıp oynaǵan balalar kóp. Bizlerde dene shınıqtırıw sabaǵı edi. Meńlimurat aǵa muǵallim bolıp kelmesten burıngı oqıtqan molla «Qısta qarda oynamańlar, ıssıda suwǵa shomılmańlar» deytuǵın edi. Meńlimurat aǵa kelgeli dene shınıqtırıw degen ádet bizlerdiń súyikli sabaǵımızdıń birine aynaldı. Ol usı sabaqtı baslarda «densawlıǵıńız ushın paydalı» dep kóp úyretken edi. Bul sóz qulaǵımızǵa birinshi márte tiygende bárimiz mollanı eslep, taǵlimatları biykar bolsa kerek, degen uǵımda bolǵanbız.



Mollanıń mınaday ádeti bar edi: Bazda ol sabaq oqıtıp atırǵanda birew esikten bas suǵıp namazǵa aytıp namaz xabarın aytsa, sol óli ushın mollamızdıń shınnan qıylanǵanın da, quwanǵanın da bilmeymiz. Biraq quwjıńlap, ornınan sekirip-aq turadı. Qasındaǵı



www.ziyouz.com kutubxonasi

gewishin ayağına shala-sharpı kiyip, kóbinese bizlerdi de umıtadı. Ol asığıs esikten shığıp baratırǵanda «demi túwesilgen eken-á» degenin-aq esitip qalamız.

Shınında da, ol bárqulla «adamnıń demi sanawlı boladı, túwesilse óleseń» dep qulağımızǵa da quyıp taslaǵan edi. Oǵan isenip men de: «demim túwesilip qalmaǵay» dep kóp oylaytuǵın edim. Qáne, oylamay da kórshi! Ólgendi kim jaqsı kóredi! Aqsham jatqanımda usı esime túse qoysa, tez-tez entigip demimdi túwesip almayın dep, siyreklew dem alıp jataman. Kózim uyqıǵa ketkenshe erinbey, neshe ret dem alǵanımdı barmaq búgip sanayman.

Ádepki gezleri Meńlimurat aǵa dene shınıqtırıw sabağında juwır dese (bir ózim emes-aw hámme de sonday) eńsemnen qara tas basqanday bolıp júretuǵın edim. Sebebi, juwırıp bolǵan soń júregiń dúrsildep ústi-ústine qansha dem alasań! Eger, sóytip júrip demiń birden túwesilse-wássalam! Ózińdi ya beyishtiń esiginde, yamasa dozaqtıń tórinde kóreber!

Usı oylardan qutqarǵan Meńlimurat aǵaǵa ishimnen raxmet aytıp júremen... Degen menen, Meńlimurat aǵa kelgenge deyin pısıldap juwıra almaytuǵın kómpek balalar endi shaqqanlasıp ketti. Juwırıwǵa hámmesi de úyrengen. Qaytama dene shınıqtırıw sabağı baslansa, burıngıdan da kewilli, úlken waqtı xoshlıq baslanadı. Dene shınıqtırıw ekige bólinip jarısıwdan baslanadı. Jarıstıń baslanar aldında Meńlimurat aǵa bizlerdi ekige bólip, ortada ózi qızıl jalaw uslap turadı. Bul «Qızıl jalaw oyını» dep ataladı.

Oyınnıń tártibi boyınsha dizilisken gúllan balalar teppe-teń eki toparǵa bólinedi. Muǵallim eki jaqqa teń qashıqlıqta, ortada turıp, oyın baslanadı. «Bir, eki, úsh» dep sanasa bolǵanı, hár tárepten bir bala muǵallimge qaray juwırıp, onıń qolındağı qızıl jalawdı aladı da qarsı táreptegi dizbe qatardı



www.ziyouz.com kutubxonasi



bir aynalıp, óz toparına keledi hám náwbeti jetip juwırıwǵa qolaylasıp turǵan óz táreptarına ákelip beredi. Solayınsha birinshi ekinshi balaǵa, ekinshi úshinshi balaǵa (qızlarda er balalar menen teń, eger náwbette qızın kútip tursa soǵan) beredi. Qarsı tárepte dál solay isleydi, biraq óz tárepiniń janashırı bolıp juwıradı... Sonnan eń aqırǵı bala qızıl jalawdı muǵallimniń ózine ákelip uslatıwı tiyis. Qaysı tárepten sońǵı juwırǵan bala birinshi bolıp muǵallimge jalawın uslatsa, solardıń topari utqanı!

Qanday — qızıq! Hátteki sharshaǵanıńdı bilmeyseń! Ya jánjel, ya shawqım kóterilmeydi.

Burınları eki dizesi órim-órim bolıp jırtılǵansha asıq oynaytuǵınlardıń biri men edim. Endi berilip asıq oynaǵan balalardı jek kóretuǵın boldıq. «Asıq oynaǵan azar, top oynaǵan tozar»... dep burınları adamlar aytsa, jek kóretuǵın edik, endi usı sózdi oqıwdan qashıp júrgen balalarǵa, sabaqtan



www.ziyouz.com kutubxonasi

tómen oqıytuǵın balalarǵa ózlerimiz aytatuǵın boldıq. Bas bolıp ózim aytaman.

Mine, búgingi oyın da qızıp ketti. Kún qattı ayaz bolsa da, heshkim tońǵanday emes. Biraq, hámmesiniń de murnınıń ushları qızarǵan. Sonda da suwıqtı elestirip júrgen hesh birewi joq. Hárbir bala júregi dúrsildep qızıl jalaw qolına tiygenshe asıǵıs túrde shırpınıp tur.

Oyınnıń qızıǵı menen jańa ǵana ortada turǵan Meńlimurat aǵanıń qápelimde qayda ketkenin ańlamay qalıppız. Bir topardı men, ekinshi topardı Sársenbay basqaratuǵın edi. Biziń topardıń balaları Sársenbaydikinen ozıwǵa qarap edi. Álleqayaqtan payda bolǵan Meńlimurat aǵanıń dawısı shırıshtı buzıp ketti:

— Tarqalıńlar! — dedi, ol buyrıqlı hawaz benen.

Bunday buyrıq komanda tek sabaq pitkende ǵana bolatuǵın edi. Oyın menen sabaqtıń pitkenin de bayqamay qalıppız-aw, dep tańlanısıp, tarqawımız benen juwıra-juwıra klasqa





www.ziyouz.com kutubxonasi

kirdik. Barsaq aqsaqal, awıl xojalığınıń baslığı, tağı bir jigit otır. Anaw jigitti burın bir kórgen sıyaqlıman. Ol rayonlıq bilimlendiriw shaqabınanman, dep bizlerge kóp násiyatlar aytıp, muǵallimdi maqtap ketken sol edi. Búgin qanday jańalıq bar eken dep hárqıylı qıyalǵa shúmip, ornımda únsiz ǵana otırdım. Jańa ǵana dene shınıqtırıw sabaǵında juwırısqan balalardıń birazı haplıǵıńqırap ele solıǵın basalmay atır. Al aqsaqal, awıl xojalıǵı baslıǵı, rayonlıq bilimlendiriw shaqabınıń adamı muǵallimniń otıratuǵın ornında otır. Muǵallim olardıń bir qaptalında tikeyip turıptı.

— Balalar — dedi Meńlimurat aǵa bizler jaylasıp bolǵannan keyin. — Awıllıq keńestiń baslıǵı, yaǵnıy aqsaqal sizler menen sóylespekshi.

Aǵam menen awıl xojalıǵınıń jıynalısına barǵanda usı kisiniń sóylegenin kóp kórgenim bar. Ózi geyde qızıp, dawısınıń barınsha baqırıp sóyleytuǵın adam. Eger ol biziń mınaw kishkene klastıń ishinde tap sonday etip sóyley qoysa, jańǵırtıp jiberer dep oyladım. Joq, ol olay etpedi. Ornınan qozǵaldı da, tamaǵın bir qırınıp qoydı. Ósik murtların birim-birim sıypadı. Bizler onı ne aytar eken dep ań-tań bolıp otırmız.

— Sizlerdiń tapqırlıǵıńız ushın, — dep basladı ol ólpeń dawıs penen, — dáslep raxmet aytaman! Sizler bizlerdiń qáteligimizdi taptıńız. Esemurat ǵarrıda gúna joq eken. Onı ǵáremetten qutqardıńız. Ákeń bolsa da áshkaralap, olardıń qılmısların ashıp bergen Sársenbayǵa, Gúlayǵa, olarǵa doslıq penen birge júrgen, basqarǵan klaskom Turdımuratqa raxmet aytıwǵa keldik. Meńlimurat aǵa menen awıl keńes baslıǵı, aqsaqal, qol qısıstı. Olar menen qatara otırǵan jigit, rayonlıq xalıq bilimlendiriw bóliminiń xızmetkeri birinshi bolıp qol shappatladı. Bizler de onı quwatlap, qol shappatladıq...



www.ziyouz.com kutubxonasi



Kútilmegende mağan sóz berdi. Dáslep ne derimdi bilmey oylanıp qaldım. Kúni menen heshkim elestirmegen oylar esime tústi;

Ótken jılğı jaz!.. Eger Meńlimurat ağa kelip bizlerge hesh nárse úyretpegende, «demimiz sanawlı» degen qorqınısh penen, yamasa, onday oylardı umıtıw maqsetinde, asıq oyınına berilip dizemiz tesiler edi, bolmasa qawın urlıqta júrip shanıshqı túwe shoshqa ańlığan qorıqshınıń mıltığına nıshana bolar edik... Usınday jaman qıyallardıń bárshesin qıyalımda izli-izinen ózimshe saybağıslap oylandım. On úsh jastaman. Oylanıp sóyleytuğın jastaman. Muğallim de oylanıp sóylew haqqında, 10—13 jastağı aqıllı balalar haqqında kóp-kóp ápsanalar, rawiyatlar aytıp bergen... «Aqıllı adam qısqa sóyleydi» dep te Meńlimurat ağa talay ret aytqan... Kútilmegende;

— Bizlerdi bunday kúnge jetkergen Meńlimurat ağağa raxmet! — dedim kúshli dawıs penen.

Klastağı balalardıń hámmesi meniń oylağan oyımda bolsa kerek. Bári teńnen shuwlasıp, meniń sózimdi quwatladı:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Durıs! Muǵallimge raxmet! Meńlimurat aǵaǵa raxmet!!! — desti bári jabırlasıp.

Ne ushın muǵallimge raxmet aytıp atırǵanımızdı aqsaqal muǵallimniń ornında qatara otırǵan úshewi de túsinip, jadırasqan túr menen birden qol shappatlaǵanda, klass ishi burınǵıdan da kúshli jańǵırıp ketti.

Aqsaqal ornınan turıp, Meńlimurat aǵanı súyip alǵanda, bárimiz ornımızdan turıp jáne qol shappatladıq...

**1957-jıl, Nókis.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

Tólepbergen QAYÍPBERGENOV

# MUǴALLIMGE RAXMET!

«Bilim» baspası
Nókis — 2016

Redaktorı *R. Paluaniyazova*
Kórk. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *Z. Allamuratov*
Operatorı *A. Begdullaeva*

**Licenziya: AI №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 22. 09. 2016-j. Formatı 60x84 $^1/_{16}$. «Times KRKP» garniturası. Ofset baspa qaǵazı. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 5,5 b.t. 5,11 shártli b.t. 6,2 esap b.t. Nusqası 2000 dana. Buyırtpa № 542 .

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası,
Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

**Elektron mánzil: bilim.baspa@inbox.uz**

JSHJ «NISO POLIGRAF»ında basıp shıǵarıldı.
Tashkent oblastı, Orta Chırchıq rayonı «Oq ota» KFY, p.Mashal,
Markaz kóshesi, 1.

www.ziyouz.com kutubxonasi